ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СОВЕТСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№165 (21.823) ● 2010 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2010 гъэм фокIадэм и 9-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

НэщикIыж Хьид махуэшхэм теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм кIыхьэрыхьхьам тету **унафэ щII:**

1. 2010 гъэм фокIадэм и 9-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэувын.

2. Мы Указым кIару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм фокIадэм и 6-м
№94-УП

● Хьуэхъу телеграммэхэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен и деж

ПщIэ льагэ зыхуэтщI Арсен Башир и кIуэ!

Хуабжьу гуапэ тщыхъуащI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къулыкъ нэхъыщхьэ дыдэм иджыри илъэситхуитIэ утетыну, Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий кIыхьилъхьэу, КъБР-м и Парламентыр зэрэкъылэгъуу арэзы зэрытехьуар. Апхуэдэ Iэхъу бгъэдыхьэкIэм кIеГъэльагъуэ ди щIыналъэм и экономикэм зыкъыIэтыжьын, абы щыпсэу льэпкIхъэмрэ щызекIуэ динхэмрэ заужьын папщIэ уэ иджыри къэс блэжьа Iэхъугъуэфхэр къэралым и унафэщIхэм цIыхубэмэ сыт и льэныкъуэкIи кIыхьэрыбдаIыгьыр.

УэсыдзыхэлIа льэпкъым, ущалъхуа щыналъэм, псоми ди зэхуэдэ Хэкум хуэблэжьын уи куэду, узынщагъэр уи бэу, уи зэфIэкIыр льагэу Къэбэрдей-Балькъэрым и зи чэзу президент пIалъэр дяпэкIи епхьэкIыну гурэ псэкIэ дынохьэуэху.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ
ХЬЭФIЫЦIэ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэм и къуэдзэ
СЭБАНШЫ Назмий.

ПщIэ зыхуэтщI Къанокъуэ Арсен, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент!

Дэ икъуэкIэ дыщыгуфIыкIащ КъБР-м и Президентым и къулыкъу льагэм узэрагъэувыжам теухуа хьаблэрым.

Хьэлэб, Хьомс', Джулан льагапIэхэм, Дамаск къалэм я Адыгэ фIыщIэ хасэхэм, абыхэм я къудамэу Кьудсие, Мэрдж-Сультан, аль-Кисуэ щыIэхэм, Сирием щыпсэу адыгэ псомэ я цIэкIэ ди гуапэу дынохьэхьу КъБР-м и Президенту етIуанэ пIалъэкIэ уэзрагъэувыжамкIэ.

Узынщагъэ быдэ уиIэну, ильэс куэдкIэ упсэну, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ ебгъэкIуэкI лэжьыгъэм екъулIэныгъэхэр къыщыпхыну ди гуапэщ.

Адыгэ фIыщIэ хасэхэм я тхьэмадэ **Гугу Акрам**
Адыгэ фIыщIэ хасэхэм я секретарь
Гулфыдж Рифьыт
2010 гъэм фокIадэм и 1-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Башир и кIуэм и деж

Ди Президент льапIэ!

Испанием дыздэщыIэм Урысейм и телевиденэм кьитуэ зэхэтха кIудейщу уе етIуанэ пIалъэкIэ улэжьэну уэзрыхахьыжар.

Ар ди дежкIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэм я дежкIи икъукIэ гуфIэгъуэшхэщ. Гуапэщ захуагъэр зэрытекIуар.

Республикэм и къэкIуэнум теухуауэ уэ уиIэ мурад инхэр дяпэкIэ нэхъ тыншу пхузэгъэзэщIэнущ, абы папщIэ дэ - уи ныбжьэгъу пэжхэр - сытым дежи дынпкъуэтынущ, гъуэдзжэм и Iэмалкъи зэрызыщIэдгъэкъуэным дихьэтынущ.

БгъэлА льэхъэнэм ебгъэкIуэкIа лэжьыгъэмкIэ уэ щыхьэ пIалъу бгъэпэжащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент цIэ льапIэр. Ильэс зыбжанэм кьриубыдэу къэд блэжьащи, къыкIэлыкIуэ ильэсхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэм папщIэ нэхъыбэж зэрызэфIэбгъэкIынур ди фIэщ мэхъу.

Гъуэгу махуэ, екъулIэныгъэ инхэр уиIэну ди гуапэщ!

Фыуэ укъэзыльагъуэху
КIыщ Мухьэдин, МОСС Жаклин Дианэ.

2010 гъэм фокIадэм и 9-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

НэщикIыж Хьид махуэшхэм теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм кIыхьэрыхьхьам тету **унафэ щII:**

1. 2010 гъэм фокIадэм и 9-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэувын.

2. Мы Указым кIару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм фокIадэм и 6-м
№94-УП

ФокIадэм и 7-м и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу Абхъаз къэрал университетым и ректор, Абхъаз льапкъ академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик, ЩIДААА-м и Абхъаз щIыналъэ къудамэм и унафэщI, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гварамие Алекэ. Ар цIэрыIуэщ есэп щIэныгъэм и зиужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэмкIэ, ЩIДААА-р зэтеувэнымкIэ зэфIиха Iуэху щхьэпэхэмкIэ. Гварамие щыхьэмыгъIэу ди республикэм щыхьэщIащ, абы и цIыхухэр фIыуэ илъагъуу, ди льапкъ зэхущытыкIэм, хабзэхэм дихьэхыу апхуэдэщ.

ЩIЭНЫГЪЭМ и дунейм щиIэ пщIэ льагэр, и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, зэфIэкIыщхэр къалытэу, апхуэдэуи и махуэшхэм ирихьэлIэу Гварамие Алекэ хуатIэфэщащ ЩIДААА-м и дамыгъэ нэхъ льапIэ дыдэр - ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и ЩIыхь тхыльыр. Абы тетуха хъыбаррэ хъуэхъу.



Зи щIалэгъуэхэмкIэ зэрахъуэкI

АДЫГЕЙ. ***Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыззэритамкIэ, Мейкъуаепэ и курыт еджапIэ 14-м укафэщIыщIэхэр пIэу гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэ.***

АПХУЭДЭ зэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсащ курыт еджапIэ школ 31-м ящыщу 14-м. Яхьуэжахэм яхэтщ лицейкэмрэ гимназиехэмрэ я унафэщхэр, «Егъэджэныгъэ» льапкъ проектым кьриубыдэу екIуэкIа зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуахэр. Министерствэм щыгъуазэ дызэрыщащIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр езыгъэкIуэкIар абыхэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэ къалэ администрацэщ. КъызэрыхагъащамкIэ, къулыкъум пэрагъэкIаIэр псори пенсэ ныбжьым итщ. Зи къаруилъыгъэ IэщIагъэлIхэм гулыитэ хэха дяпэкIи яуащIыну я мурадщ.

Процент 76-м даIыгъ

АБХЪАЗ. ***Жылагъуэм и Iуэху еплыкIэр зыхуэдэр къэзылъытэ урысейпсо центрым къызэритамкIэ, къэралым щыпсэухэм я процент 76-м дагьуэ Президент Медведев Дмитрий Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ щIыналъэ щхьэхуиту къэлъытэным теухуа и унафэр.***

АБы къыдэкIуэу, зэпущIахэм я процент 52-м я къыззэралъытэмкIэ, Кавказ щIыб республикэхэр я щхьэхуитныгъэр Урысейм къыззэрильытам зыщIыщIэу ущIыхэпльэжьын щыIэкъым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Нобэ

Гулъытэ ин дыдэ

хъурэ зэрыт тхылъ Гварамие хуитъэхьащ ЩIДААА-м и Президент Нэхущ Iэдэм.

«ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым хэтхэми сэри кьыдогъэдэкIыу гуапэу дынохьэхуэу уи махуэшхуэмкIэ - илъэс 70 уэзрыхьэмкIэ, Алекэ Алексей и кIуэ! - итщ тхыгъэм. - Лъэныкъуэ кIуэд къыззыщIэзыуфыдэ уи зэфIэкIым уэ, Алекэ, кьрыпхуихьащ дунейпсо цIэрыIуагъ. Уи щIэныгъэ лэжьыгъэхэм кIуэд щыгъуазэщ. Ахэр хуэщащ лъэпкъ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лъабжьэр зыгъэбыдэ, адэкIэ зезыгъэужь хэкIыпIэ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ уэ уи къэхутэныгъэ купщIафIэхэр жыжьэ нос. Иджыри Iэмал пэрытхэр, методикэ пашэхэр абыхэм къыщыбгъэсэбэнурэ, щIэныгъэлI щыпкъэм тхиузфIэкIащ алгебрэмрэ автоматхэм я теориемрэ уиэтыныгъэ куэдкIэ зебгъэужьын.

Апхуэдэ уи лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, къыпхуэмылъытэным хуэдиз Iуэхушхуэхэр уэ щыхьэфIыбох ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием. Академием ЕсэпымкIэ, нано-, хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ и кIуэдамэм и академик-секретару уцытIкIэрэ уэ, Алекэ Алексей и кIуэ, жылагъуэм щIэныгъэ-техникэ ехьулIэныгъэхэр яхуэхьынымкIэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я дэлэжьэныгъэ ящыIэ, ахэр къэхутэныгъэ куэхэм хэщэнымкIэ куэд пхIэзэфIокI. ЩIэныгъэлI IэкIуэлъакIуэм, къызэгъэпэщащIу гумызагъэм уи фIыгъэкIэ зеужь икIи ЮофIакIуэ илъэс куэд лъандэрэ узиунафэщI Абхъаз къэрал университетыр.

ПщIэ зыхуэсщI Алекэ Алексей и кIуэ! Си гуапэу хъыбар узогъащIэ уи лэжьыгъэ купщIафIэм, гуащIэдэкI хьэлэлым, зэфIэкI льагэхэм къапэкIуэу ЩIДААА-м и Президиумым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - абы и ЩIыхь тхылъыр - къыздрипхуагъэфэщащ. Уузынщэу, уи Iуэхуэхэр адэкIи ефIакIуэу, лъэпкъ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я ехьулIэныгъэм уухуэлажьэу аджыри куэдрэ зэпэуну дынохьэхэу, насып, гуфIэгъуэ уи бэу дунейм утетыну ди гуапэщ.

ЩIДААА-м и Президент,
Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и академием щIыхь зиIэ и член
НЭХУЩ Iэдэм».

Апхуэдэ хъуэхъу гуапэр дыдоIыгъ икIи ди гуапэщ щIэныгъэлI пашэм и зэфIэкIым хигъахъуэу, къэхутэныгъэщIэхэр иIэу льэпкъым и зыужьныгъэм куэдрэ хуэлэжьыну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

ЗыкъаIэт

Лондон и метрополитеным щылажьэхэм дыгъуэщIыхь щIадзащ сыхьт 24-кIэ екIуэкIыну забастовкэ зыубгъуам. Ахэр арэзыкъым уафэщIхэм лжьыгъэ IэнатIэхэр зэрагъэмащIэмкIэ.

Лондон и зэманымкIэ, сыхьэт 17 зэрыхъуу, РМТ, ТССА транспорт IэнатIэхэм я профсоюзхэм я лжьыгъэр зы жэщ-махуэкIэ эпгагъэуащ. А забастовкэм хэтынущ цIыху минхэр.

Лжьыгъэр щызэпагъэуар блыщхьэм и пщыхьащхьэра щхьэкIэ, метром мафIэгуэр пщэдджьыжьми кьемэщIэкI хьуат, сыту жыпIэмэ, абы пыщIа нэгъуэщI IуэхущапIэхэм, линие щхьэхуэхэм я лжьакIуэ щэ бжьыгъэхэми я улахуэмкIэ мыарэзыуэ зыкъаIэтати.

Забастовкэр зэрекIуэкI зэманым къриубыдэу, кьалэм щылажьэ автобусхэм я бжьыгъэм 100-кIэ хагъэхьуащ, Темзэ кхъухь нэхьыбэ траутIыпщхьащ, итIани, кьалэдэсхэм гугъапIэ нэхъыщхьэу кьахуэнэр я льакъуэрыгъажэхэращ.

Аргуэру къагъауэ

Пакистаным и Хайбер-Пахтунхва куейм хьыхь Лакки-Марват кьалэм щыIэ полицей участкэм и пащащтIэм дагьым щыщIэлъ автомобиль пуIэтфащ. Ар къыгъуэрыIэну щыхуежьэм, руль зыIыгъым зэрысыр участкэм пэмыжьхьэу кIыщигъуащ.

Хэкъуэдахэм яхэтщ мамыру псэу щIыхуэхэр, сабийхэр.

Тхьэмахуэ кIуами щыхуи 100 хуэдиз хэкIуэдащ бэрэжьеймрэ мэремымрэ Пакистаным и Лахор Кветэ къалэхэм щалэжьа теракт хэм. Абыкъ экуэапыр и пщэ дильхьэкащ Пакистаным и тIалибхэм я зэщIэхъееныгъэм.



♦**Бразилие Федеративнэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ** - 1822 гъэм къэрал щхьэхуит щыIэ и Iуэхущ.

♦Москва къыщыIэзэIуахынущ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и бжьыхьэ сессиер.

♦ФокIадэм и 7 - 8-хэм Венэ (Австрие) щызэхэтынущ ООН-м Промышленнэ зыужьыныгъэмкIэ и комитетым и бюджетым щыхэплъынущ зэгуфIэ.

♦ФокIадэм и 7 - 9-хэм Нью-Йорк щекIуэкIынущ ООН-м и Сабий фондым и Гъэзэщ щакIуэ Советым и 26-нэ сессие.

♦ФокIадэм и 7 - 11-хэм Лондон (Инджылыз) щызэхэтынущ Дунейпсо ядернэ зэгухьэныгъэм и 35-нэ зэIуцIэ.

♦I812 гъэм Кутузов зи пашэ урысыдзэр Бородино и деж франдзкьым щатекIуащ.

Пэлъэныр зыгъэхъулIэрар
ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Адэ мыгъку бынгъэкIуэдщ.

Сурэтыр **КЪУЩХЬэ Чэлим** *трихащ.*

Кучинэ Марие и махуэ

Прохладнэ къалэ щагъэлъэпIащ Сингапур щекIуэкIа ящэ Ныбжьыщ Iэ Олимп Джэгуэхэм льагэу дэлъенымкIэ зэхьэзэхуэм дыщэ медаль къыщызыхьа Кучинэ Марие.

Чемпионкэ ныбжьыщ Налшык щыIущащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ ИщхьэрэТ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Хлопонин Александрэ** КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсенэ** Хлопониным Марие екъуэхуащ икIи кIыхьигъэщащ балигъэм я Олимп Джэгуэху Лондон щекIуэкIынуми дыщэ медаль къыщихьыну зэрыщыгугъыр. Президентым абы щыщIигъащ и екъулIэныгъэхэм хигъахъуэн щхьэкIэ сыт хуэдэ щIэгъэкъуэнри и деж щигъуэтыну. Езы Кучинэри Къанокъуэ Арсен екъуэхъуащ етIуанэ пIалъэм зэрытрагъэувамкIэ.

Прохладнэ къалэм олимп чемпионкэр зэрэщытыпIэр зэ еплыгъуэкIэ гурыIуэгъуэт - уэрамхэр щхьэжьеплъыкIэт, спортсменкэм и сурэтхэр дэнэкIи щыфIэдзат. Я лъахэгъу ныбжьыщIэр яIэтыну пшыхьым кьрихьэлат КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн**, Прохладнэ къалэ администрацэм и унафэщI **Пархоменко Юлие**, КъБР-м атлетикэ псынщIэмкIэ и командэ къыхэхьам и тренер нэхъыжь **Щхьэнхьуэ Станислав**, щыпIэ хьэрычэтыщIэхэр, къалэдэсхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и жэрдэмкIэ КъБР-м Атлетикэ псынщIэмкIэ и федерацэм и Попечительскэ советым и унафэщI **Ткаченкэ Александр** Кучинэм тыгъэ хуищIащ «Лада-Калина» автомашинэр. КъБР-м Къанокъуэ Арсен и Указым, АфIэунэ Аслъэн кьыхэджам, ипсэ иткIэ Ныбжьыщ Iэ Олимп Джэгуэхэм щхьэкIэ ахьшэ саугъэт сом мин 675-рэ - Кучинэм, абы и тренерым сом мин 300 хуагъэфэщащ. КъыщынэмыщIауэ, спортсменкэм и тренер Габрилян Геннадий «КъБР-м физическэ культурэмрэ спортымкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIащащ.

Къалэмрэ куейм я унафэщIхэм къабгъэдэкIыу Марие иратащ ноутбук, телевизор, макъамэ центр, дыщэ сыхьэт, нэгъуэщIхэри.

КЪЭХЪУН Бэч.

IэщIагъэлIхэр ирагъаджэ

2010 гъэм жэпуэгъуэм и 14 - 25-хэм щыхуэхэр Урысейм зэрыщатхынym зыхуэгъэхьэзырыным ди республикэм щыпащ.

«КЪЭББАЛЪКЪСТАТЫМ» щыIуэхэр тхынымрэ демографие политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Челышевэ Ларисэ** кIыхьэрыджIамкIэ, уэрамхэм зэрелъэр, унэхэр зэрызэкIэтыкIуэр, блынхэмрэ кхуэбжьхэмрэ кIэрыгъэ бжьыгъэхэм я пэжагъыр къэпщытэжьныр зэфIагъэкIащ. Щыхуэхэр зытхынухэрэ кхыхахащ. Аэр 3700-рэ мэхъу.

ФокIадэм и 2 лъандэрэ къалэхэмрэ районхэмрэ я лIыкIуэхэр «Къэббалькъстатым» и хэщIапIэм щрагъаджэ. Зэрыраугъаджэ Iэмалхэм мультимедийнэ программэхэр къыщагъэсэбэп. НужькIэ я щIэныгъэр зыхуэдэр тестхэмкIэ къапщытэжьнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

2010 гъэм фокIадэм и 1-м щIадзауэ, Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и IуэхущIапIэ псоми Iэ щытрагъадзэ 2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьынухэм.

Пощт зэпыщIэныгъэм и IуэхущIапIэхэмрэ почтамтхэмрэ Iэ зыщыщIэвдза газетэхэр, журналхэр унэм евгъэхь е пощтым и IуэхущIапIэхэм къыщеIыфх хьунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщIадзым пыщIа Iуэху псоми фэ щыгъуазэ фащIынущ пощтхэм я IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм.



«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым хуозэ сом 356-рэ кIэнлейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Май куей

Псори зэльытыжар ухуэныгъэхэр щекIуэкIыну щIырщ

Май районым щыпащэ жьы хъуа, къызэтещэхэнкIэ щыIнагъуэ псэупIэ унэхэм цIыхуэр кьыщIэгъэIэпхъукIыным пыщIа лэжьыгъэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ кьалэ администрацэм кьыхех пэшитI хъу унэу 14 щаухуэну щыпIэр. А унэхэм щапIэхэри ягъуэснущ. Апхуэдэу Iуэхуэ куей администрацэм жылагъуэу унафэщIхэм пщэрыль ящиущащ къэжьэкIэ къэс псэупIэ унэ иращыхьын хуейуэ щата щапIэхэм я Iуэху зытетымрэ абыхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр эдынэсамрэ я къапщытэну.

Мы зэманым ирихьэлIэу абыхэм ящыщ дэтхэнэми игъэхьэзырауэ щытын хуейщ щапIэр езыхэм зэрегъэбыдыламкIэ КъБР-м и регистрационнэ палатэм щатха щыхьэт тхылъэр.

Май районым щагъэбелджылы пхъэщхьэмыщхьей жыг хадэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа бизнес-проектыр щагъэлажьэну щIыпIэхэр. Бжьыхьэ жыг хэсэгъуэр къэмысу мы Iуэхур зэрызэфIагъэкIыным ящыщ итщ. ЗэгъэтIылъэкIыпIэ зимыIэ мы Iуэхухэм кьадэкIуэу, куейм зыхуегъэхьэзыр дызыхуэкIуэ бжьыхьэм инвестицэ проект нэхъыфIэхэр гъэлъегъуэным теухуауэ Сочэ щекIуэкIыну Урысейпсо форумым. Кьапщтэмэ, Май щыналъэр а зэIущIэм бизнес-проект купщIафIэу 3-кIэ хуэвгъэнущ. Ахэр екъэлащ «Севкавреннтген-Д» Iуэхущапи Iэм, Котляревскэ консерв заводым, полимерхэм елэжьыну «Этан» Iуэхущапи Iэм я уэхуэныгъэхэм. Ахэр щрагъэкIуэкIыну щыпIэхэри яубзыхуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Уэздыгъэр зэрыкIуэ кIапсэхэр зыхуей хуагъазэ

Май районым и «Электросетхэр» Iуэхущапи Iэм иджыпсту щыщIэдзауэ щыимахуэм зыхуегъэхьэзыр.

МЫ ЗЭМАНЫМирихьэлIэу трансформатор подстанцу 4-м я щхьэхэр щIэкIэ зэрахъэкIащ, сабий садхэм, курыт еджапIэхэм, сымаджэщхэм екIуалIэ уэздыгъэ кIапсэхэр кьащIытэ, сэкъат зыгъуэтахэр яхьэж. Апхуэдэу кIапсэхэм зэран яхуэхьункIэ шынагъуэ жыг щхьэкIэхэри яухъэнщащ. Куейм и щIыпIэ куэдым ткIийуэ щащэщIыжащ жьаПщэмрэ уэщхьыхуэмрэ кьрашэха кIапсэхэр. Абыхэм кьадэкIуэу куей «Электросетым» и лэжьакIуэхэм гъущI-бетон пкъо куэдыр яуззхужащ, языныкъуэхэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ, трансформатор подстанцу 40-м нэсым лжьыгъэ щхьэхуэхэр иращыIащ. Май щIыналъэм и гъэсабий садхэмрэ еджапIэхэмрэ екIуалIэ, зи фэр телэжьыкIа уэздыгъэ кIапсэхэр мыгувэу зэрахъэкIынущ иджырей кабель линиехэмкIэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Май куей

Псори зэльытыжар ухуэныгъэхэр щекIуэкIыну щIырщ

Май районым щыпащэ жьы хъуа, къызэтещэхэнкIэ щыIнагъуэ псэупIэ унэхэм цIыхуэр кьыщIэгъэIэпхъукIыным пыщIа лэжьыгъэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ кьалэ администрацэм кьыхех пэшитI хъу унэу 14 щаухуэну щыпIэр. А унэхэм щапIэхэри ягъуэснущ. Апхуэдэу Iуэхуэ куей администрацэм жылагъуэу унафэщIхэм пщэрыль ящиущащ къэжьэкIэ къэс псэупIэ унэ иращыхьын хуейуэ щата щапIэхэм я Iуэху зытетымрэ абыхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр эдынэсамрэ я къапщытэну.

Мы зэманым ирихьэлIэу абыхэм ящыщ дэтхэнэми игъэхьэзырауэ щытын хуейщ щапIэр езыхэм зэрегъэбыдыламкIэ КъБР-м и регистрационнэ палатэм щатха щыхьэт тхылъэр.

Май районым щагъэбелджылы пхъэщхьэмыщхьей жыг хадэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа бизнес-проектыр щагъэлажьэну щIыпIэхэр. Бжьыхьэ жыг хэсэгъуэр къэмысу мы Iуэхур зэрызэфIагъэкIыным ящыщ итщ. ЗэгъэтIылъэкIыпIэ зимыIэ мы Iуэхухэм кьадэкIуэу, куейм зыхуегъэхьэзыр дызыхуэкIуэ бжьыхьэм инвестицэ проект нэхъыфIэхэр гъэлъегъуэным теухуауэ Сочэ щекIуэкIыну Урысейпсо форумым. Кьапщтэмэ, Май щIыналъэр а зэIущIэм бизнес-проект купщIафIэу 3-кIэ хуэвгъэнущ. Ахэр екъэлащ «Севкавреннтген-Д» Iуэхущапи Iэм, Котляревскэ консерв заводым, полимерхэм елэжьыну «Этан» Iуэхущапи Iэм я уэхуэныгъэхэм. Ахэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэри яубзыхуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм хиубыдэхэм я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм къабгъэдэхуэ полномочиехэр ягъэзэщІэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал предприятэ зэгуэтхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ къэрал ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэпэщын папщІэ зыхуей мылъку лІэужьыгъуэхэм я спискэм и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэм хиубыдэхэм я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм къабгъэдэхуэ полномочиехэр ягъэзэщІэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал предприятэ зэгуэтхэм я лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ къэрал ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэпэщын папщІэ зыхуей мылъку лІэужьыгъуэхэм я спискэм и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм накъыгъэм и 26-м
№361-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэм пыщІа Іуэхухэр щызэблэгъэкІыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3, 14 статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэм пыщІа Іуэхухэр щызэблэгъэкІыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3, 14 статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ Ч ЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм накъыгъэм и 26-м
№375-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэм пыщІа Іуэхухэр щызэблэгъэкІыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3, 14 статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2010 гъэм накъыгъэм и 26-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупІэм пыщІа Іуэхухэр щызэблэгъэкІыным теухуауэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №55-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 3 статьям и Іыхьэ 1-м и абзац 5-м къару имыІэжу къэлъытэн.

2. 14 статьям и Іыхьэхэу 8-рэ 9-рэ дэщІыгъужын, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«8. Социальнэ зэгурыІуэныгъэм тету цІыхум псэупІэ щраткІэ къалъытэ псэупІэр нэхъ мащІэ зыщІа е ар ямыІэжыным хуэзэша Іуэхуу е щэн-къэщэхуным пыщІа граждан-правовой зэгурыІуэныгъэу ирагъэкІуэкІахэр. Апхуэдэ Іуэхуу е зэгурыІуэныгъэу екІуэкІахэр къалъытэ социальнэ зэгурыІуэныгъэм тету цІыхум псэупІэ щратым япэкІэ илъэситхум къыщегъэжьауэ.

9. Мы статьям и Іыхьэ 8-м къыщыгъэлъэгъуахэм щыхуэкІуам деж псэупІэу иратыр зыхуэдизыр зэраубзыху щІыкІэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм егъэув.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№50-РЗ

Мэкъумэш ІэнатІэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэзэ, республикэм и политик цІэрыІуэ ЛІуп Владимир илъэс 70 ирикъуащ. Абы къикІуа гъащІэ гъуэгур и лъэпкъымрэ и хэкумрэ псэемыблэжу зэрахуэлэжьам и щапхъэщ.

ЦІыхугъэ лъагэм и щапхъэ

●ДифІ догъэлъапІэ

ЛІуп Владимир

ЛІУП Владимир 1940 гъэм фокІадэм и 3-м Шэджэм районым хыхьэ Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым КъБКъУ-м зоотехниемкІэ и къудамэм щІэтІысхьэри, фІы дыдэу къиухащ икІи я жылэм щызэхэт хозяйствэм лэжьэн щыщІидзащ. Илъэс 13-кІэ (1964 - 1981 гъ.гъ.) «Кэнжэ» колхозым (1974 гъэм совхозу зэрахъуэкІащ) и зоотехникыу, и зоотехник нэхъыщхьэу щытащ. А илъэсхэр абы и дежкІэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ, и Іэзагъым щыхэхъуа, унафэщІ икІи къызэгъэпэщакІуэ нэсу зэрыщытыр наІуэ къыщыхъуа лъэхъэнэщ.

Владимир и гъащІэ псор епхащ къыщыхъуа къуажэм. Нэхъ пасэу ираджахэм яхэту фронтым яша и адэ Залыми колхозхэтт. Абы къыхуиухатэкъым и унагъуэр илъагъужыну, дзэм даша нэужь къыхуалъхуа и къуэр ипІыжыну - лІыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу зэуапІэ губгъуэм и псэр щитащ.

И анэ Гуащэнэ (Бэрэгъунхэ япхъ ущ) и къуэм и нэІэ тригъэкІакъым, хуэфащэ гъэсэныгъэ иритащ.

- ИпэжыпІэкІэ си анэм и ІэфІри и Іущагъ псори къызитащ. Къэзлэжь пэтми, зэи къызэшхыдакъым, Іэпэ къыстрилъхьакъым. «Ар уи адэм къыпхуидэнтэкъым», - жиІэу гукъанэ къысхуищІамэ, си де жкІэ тезырышхуэт, - игу къегъэкІыж ЛІупым. - Зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм я бынхэр ирагъэджэну куэдым къазэрытехьэлъэр къызгурыІуэрт. Ауэ си анэр ерыщт. КъызэрыщІэкІамкІэ, абы ди адэм и лъэІур игъэзащІэу арат: «Нэзмыгъэзэжми, хуабжьу къыптехьэлъэнуми, си щІалэр зэребгъэджэным яужь ит».

Владимир губзыгъэу, цІыхугъэ лъапІэныгъэр зыхищІэу къызэрыхъуам къуажэм пщІэ ин щызиІа и адэшхуэ Хьисэ и фІыщІэ куэд хэлъщ. Абы и къуэрылъхур хабзэмрэ нэмысымрэ хуигъасэрт, цІыхугъэм, гущІэгъум, зэхущытыкІэ дахэм щІипІыкІырт. И адэшхуэм и ущиехэр ЛІупым нобэ фІэлъапІэщ: «ГуащІэдэкІ хьэлэлыр цІыхум и лъапІэныгъэр къызэралъытэ пщалъэщ», «НэгъуэщІхэм я хьэкъкІэ упсэуныр е ар уигу къэкІыххэныр икІагъэщ», «Езыт цІыхур Іызыхым нэхърэ нэхъ Іущщ», «ЦІыхум и акъылыр фІэутхъуэмэ, емыкІумрэ псэкупсэ къарумрэ фІэкІуэдмэ, абы тхьэмыщкІагъэ къешэ», «Лъэпкъ зэхущытыкІэхэм я щэнхабзэр езы цІыхухэм я зэхущытыкІэхэм деж къыщожьэ»…

Владимир игу къегъэкІыж зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум сабий мэжэщІалІэхэм гулъытэ яхуэзыщІ икІи сыткІи ядэІэпыкъу цІыхуфІхэр зэрыщыІар. Апхуэдэу я къуажэгъухэм ядилъэгъуауэ щыта жумартыгъэмрэ гущІэгъулыгъэмрэ нобэр къыздэсым щыгъупщэркъым.

- ЦІыхухэм я кум гужьгъэжь дэлътэкъым, псоми я гупсысэр зыхуэгъэзар къатепсыха гузэвгъуэ иным зэгъусэу зэрыпэщІэтынырт, - жеІэ абы.

ЛІупыр къызэрыгуэкІщ, гуапэщ, щэныфІэщ, щытхъу лейм хуэхамэщ. Зыщымысхьыжу, иг ури и псэри ет ауэ ІэнатІэм зэрыпэрытым, удихьэхыу зэрыІэдэбым, зэрыкъызэгъэпэщакІуэфІым и къуажэгъухэм я дежи республикэми и пщІэм щыхигъахъу эрт. Ар къалъытэри, 1981 гъэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъы промышленностымкІэ и къудамэм и инструктору ягъэуващ. А къалэныр илъэс зыбжанэкІэ дагъуэншэу ирихьэкІащ.

1987 гъэм ЛІупыр Аруан куейм ягъэкІуащ икІи 1993 гъэ пщІондэ гъэзэщІакІуэ комитетым и тхьэмадэу, цІыхубэ депутатхэм я район Советым и унафэщІу, иужькІэ к уей администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу лэжьащ. Зэманыр къызэрымыкІуэу гугъуми, а лъэхъэнэм абы жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэ куэд зэфІихащ. Псэуныгъэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхухэмкіи жэуаптакІуэр щІыпІэм и гъэзэщІакІуэ властрати, псори и пщэм дэхуэрт. Район Советым и депутатти, зэпымыуэ хэхакІуэх эм яхуэзэрт, щІым телэ жьыхьэмрэ бэмрэ яху эпэжт. ЩытыкІэр зыхуэдэр, гугъуехьхэр къызэнэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр Іэдэбу икІи гурыІуэгъуэу цІыхухэм яхуиІуатэрт, абыхэм къапкърыкІ гу апагъэр езыми зыхищІэрт. ЦІыхугъэшх уэ зэрыхэлъым, зэрыпэжым, зэрынэмысыфІэм, районымрэ республикэмрэ щекІуэкІ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтым, щІэныгъэ куу зэриІэм и пщІэм хигъахъу эрт. Дауи, тІэ унейрэ зэкІэлъыкІуэу (1993,1997 гъ.гъ.) КъБР-м и Парламентым и депутату щыхахым, а псори къамылъытэу къэнакъым. Къэралым и дэнэ щыпІи хуэдэу, республикэм и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ гъащІэри ІуэхугъуэшхуэхэмкІэ гъэнщІауэ щыщыта а илъэс тІкІийхэм ЛІупыр лэжьащ Парламентым социальнэ политикэмкІэ и комиссэм, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым я унафэщІу икІи и творческэ зэфІэкІыр законхэр убзыхуным ирихьэлІащ. Абы и нэІэ тету ягъэхьэзырри къащтащ «Егъэджэныгъэм и ІуэхукІэ», «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Іуэх укІэ», «ЩІэныгъэ щрагъэгъуэт ІэнатІэхэм папщІэ учебникхэм я республикэ комплектым и ІуэхукІэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пэщІэдзэ профессиональнэ щІэныгъэ зэрыщратымрэ ІэщІагъэм зэрыщыхуагъэхьэзырымрэ я ІуэхукІэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным и Іу эхукІэ», «ЦІыхухэм я санитар-эпидемиологие зэІузэпэщыгъэм и ІуэхукІэ» республикэ законхэр, нэгъуэщІхэри.

А зэман гугъум депутатхэми, министрхэми, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэми, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэми быдэу япыщІауэ лэжьащ. Псоми фІыуэ яхуощытт, социальнэ ткІиягъыр къэгъэщэбэным, я нобэмрэ я пщэдеймрэ цІыхухэм хуаІэ фІэщхъуныгъэр гъэбыдэным я хэкІыпІэр зэуІуныгъэр зэрыарар фІыуэ къыгурыІуэрт. Бэм я сэбэп зыхэ лъх эр жыджэру ихъумэрт, хэхакІуэхэм къыхалъхьэхэр, я Іуэху еплъыкІэхэр и лэжьыгъэм щигъэнэхъапэрт. ЛІупым къызэрилъытэмкІэ, социальнэ захуагъэ зыхэмылъ экономикэ политикэм щытыкІэр зэщхьэщеху икІи хэщІыныгъэшхуэ къешэ, экономикэм и зыужьыкІэм пэІэщІэ социальнэ политикэр лъабжьэншэщ. Абы къыхэкІыу, ягъэхьэзыр закон псори зы мурадым - республикэм и цІыхухэм нэхъыщхьэу я сэбэп зыхэлъхэм - тращІыхьын хуейщ.

Мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм, законхэр убзыхуным жыджэру зэрыхэтам, апхуэдэу илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыпэкІуэу ЛІуп Владимир «Щіыхьым и Дамыгъэ» орденыр къыхуагъэфэщащ, республикэм и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхь тхылъыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр, нэгъуэщІ куэди къратащ.

- Сыт цІыхум дежкІэ нэхъ лъапІэу къалъытэр? - жысІэу сыщеупщІым, гупсысакъым: «И пэжагъырщ, нахуагъэмрэ гуапагъэмрэщ. Ахэр пхэмылъу ІэнатІэ гуэрми и унафэщІу ущытыфынукъым, влас тым и зы къудами пх узехьэнукъым».

КъБР-м и Парламентыр зэтегъэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам, жылагъуэ Іуэхухэм зэрыхуэжыджэрым, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр ихъумэну зэпымыууэ зэрыхьэзырым къыхэкІыу, илъэс куэдкІэ абы дэлэжьахэм ди гум къыбгъэдэкІыу ЛІупым фІыщІэ ин худощІ.

- Владимир пщІэшхуэ зиІэ, хабзэмрэ нэмысымрэ я лъапІэныгъэхэр зыгъэнэхъапэ, цІыхугъэ лъагэм и щапхъэр зыдэтлъагъу ныбжьэгъу пэжщ. ІэщІагъэлІ нэсщ, мэкъумэш ІэнатІэм и къызэгъэпэщакІуэ нэхъ цІэрыІуэ икІи нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщщ. Хуабжьу зэпІэзэрытщ, сыт хуэдэ щытыкІэ къихутами къулыкъу иІыгъами гупсысэ узыншэр и Іэпэгъущ. Аращ цІыхухэм я дзыхь щІрагъэзэри, я щхьэр щІрахьэлІэри, - жеІэ иригушхуэу агропромышленнэ комплексым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Беслъэней Чэмал.

ЛІупыр унагъуэ дахэм, насыпыфІэм и тхьэмадэщ. И щхьэгъусэ Иринэ дох утырщ, уз зэрыщІалэхэм щеІэзэ республикэ сымаджэщым и къудамэм и унафэщІщ. Пхъуищ зэдапІащи, я нэхъыжь Мадинэ и анэм и лъагъуэм ирикІуащ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, Маринэ экономистщ, республикэм и Пенсэ фондым щолажьэ, Іэсият юристщ, КъБКъУ-м и аспирантщ.

И къару илъыгъу эу, гъащІэм и дерс Іущхэм япсыхьауэ, парт парламент лэжьыгъэшхуэ къызэринэкІауэ ЛІуп Владимир и илъэс 70 юбилейм ирихьэлІащ. Ар дапщэщи республикэм и жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэтащ. Нобэ КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ къалэныр купщІафІэу ирехьэкІ, нэхъыжьхэм я псэукІэм пыщІа Іуэхугъуэхэр хьарзынэу зэфІех, зыхуэфащэ министерствэхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр ІэнатІэхэмрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ я лэжьыгъэм ІэкІуэлъакІуэу хешэ.

ДАДЭ Суфэдин.

●КъБР-м и прокуратурэм

Илъэс ныкъуэм зыхуэдар

КъБР-м и прокуратурэм щызэхалъхьэжащ къэрал, муниципальнэ къэпщытэныгъэм теухуа хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным хуэунэтІауэ 2010 гъэм и япэ мазихым зэфІагъэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэр.

ЗИ ГУГЪУ тщІы зэманым къриубыдэу республикэм и прокуратурэм и органхэр кІэлъыплъакІуэ ІуэхущІапІэ лІэужьыгъуэ псоми я тхыгъэу 255-м хэплъащ. Абыхэм ящыщу 99-м е процент 38-м хуэгъэзауэ хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ цІыкІухэмрэ курытхэмрэ планым хэмыхьэу къапщытэну зэгурыІуащ, 156-м е тхылъу яІэрыхьам и процент 62-м ар щрамыгъэкІуэкІыну унафэ къащтащ.

Планым щымыщ къэпщытэныгъэхэмкІэ зэгурыІуэным теухуауэ тхылъ куэд къызэратыр щІыналъэ кІэлъыплъакІуэ органхэм я лэжьыгъэр япэ илъэс ныкъуэм тэмэму зэраубзыхуам и щыхьэтщ.

Апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр егъэкІуэкІыныр дымыдэныр къыхэкІащ «Къэрал кІэлъыплъыныгъэмрэ муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмрэ къыщызэрагъэпэщкІэ ІэнатІэхэмрэ щхьэзакъуэрылажьэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным и ІуэхукІэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыдагъэкІа Федеральнэ закон №294-м и 10-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ, 11-нэ пунктхэм щыубзыхуахэр къызэрызэпаудам. Апхуэдэу планым хэмыт къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІын щхьэкІэ, тхылъи 112-м лъабжьэ яІакъым. Тхыгъэ 40-м къэрал кІэлъыплъыныгъэхэмкІэ органымрэ муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ ІуэхущІапІэмрэ я унафэхэр щІэзыгъэбыдэ хабзэхэр щагъэзэщІакъым, еплІанэ заявленэкІэ зэджэм зыхуей дэфтэрхэр щІыгъукъым - федеральнэ кІэлъыплъакІуэ органым и лъэныкъуэкІэ 129-рэ, щІыналъэ кІэлъыплъакІуэм ейуэ 26-рэ.

Законым и 10-нэ статьям и 12-нэ пунктым ипкъ иткІэ, КъБР-м и кІэлъыплъакІуэ органхэм планым хэмыт къэпщытэныгъэхэр щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІауэ республикэм и прокуратурэм и ІэнатІэхэм хъыбар гуэри къаІэрыхьакъым.

Хьэрычэтыщ Іэ предприятэ цІыкІухэмрэ курытхэмрэ я лэжьыгъэм кІэлъыплъ органхэр хабзэм зэрытетыр зрагъащІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и ІуэхущІапІэхэм къэпщытэныгъэ 40 ирагъэкІуэкІати, ныкъусаныгъэу 114-рэ къахутащ. УФ-м и законодательствэр къызэпызыудахэм ятеухуауэ тхылъ 28-рэ ятхащ, абыхэм хэплъа нэужь унафэщІ 46-р дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ, хабзэм уебакъуэ зэрымыхъунур зым гурагъэІуащ. УФ-м и УПК-м и 37-нэ статьям тету, КъБР-м и МВД-м и лэжьакІуэхэм ехьэлІауэ зы тхылъ ягъэхьэзыращ, щхьэзыфІэфІагъ зэрызэрахьам къыхэкІыу, къулыкъущІищым яхуэгъэзауэ административнэ Іуэхухэр къаІэтащ. Хабзэм къемызэгъ правовой акту 10 къыщІагъэщащ, псоми зыхуэфащэ тхылъхэр хуатхати, 7-р ягъэзэкІуэжащ. Хьэрычэтыщ Іэ ІэнатІэхэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудым теухуа тхыгъэ 30 щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм хуагъэхьащ, абыхэм къарикІуам ипкъ иткІэ, унафэщІи 10 дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ.

Іулъхьэм дихьэхри…

Прохладнэ къалэм и прокуратурэм щІыпІэ ОВД-м жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и милицэм балигъ мыхъуахэм я ІуэхухэмкІэ и ІуэхущІапІэм и унафэщІ Лопаткин В. игъэкъуэншащ Іулъхьэ къыІихауэ. Абы и Іуэхур судым хуагъэхьакІэщ.

2010 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 2-м Лопаткин В. яубыдащ Іулъхьэу сом мини 5 къаІихыу. Ар абы иратат хабзэр къызэпызыуда ныбжьыщІэр учетым зэримыгъэувым папщІэ.

Абы къыдэкІуэу, Прохладнэ районым и судым и унафэкІэ ар и къулыкъум трагъэкІащ.

●Аруан куей

ЩІыпІэхэр ягъэкъабзэ

Аруан районым хиубыдэ къуажэхэр гъэкъэбзэным пыщІа Іуэхухэм пащэ.

СТАРЭ Шэрэдж къуажапщэм щыІэ пхъэнкІий идзыпІэ иныр илъэс куэд хъуауэ къуажэ псом къагъэсэбэп. Мы Іуэхум къуажэ администрацэр гугъу зэрыдехьыр псом хуэмыдэу нэрылъагъу щыхъур жьышхуэ щІэх-щІэхыурэ къыщыкъуэу бжьыхьэ лъэхъэнэрщ: абы пхъэнкІийр ирекъухь, гъуэгуи псы Іуфэ ныджи зэлъигъэІэсу, уеблэмэ ар Шэрэдж псы нэпкъ лъагэм щелъэлъэхи куэдрэ къохъу. Апхуэдэ щытыкІэр къилъытэри, къуажэ администрацэм мыр къигупсысащ: метр зэбгъузэнатІэ 300-р ихъуреягъкІэ гъущІ пкъокІэ къагъэувыхьри, жэз къэухь дахэхэр пкъо зэхуакухэм дагъэувэжащ. Иджы ихъуреягъыр къабзэлъабзэщ, а щІыпІэр фаджэладжэ зыщІу щыта пхъэнкІий идзыпІэр гъэпщкІуа хъуащ. Къуажэдэсхэри дыхьэпІэ щхьэхуэкІэ пхъэнкІий идзыпІэм йокІуалІэ.

Апхуэдэу пхъэнкІий идзыпІэхэм я гъунапкъэхэр ягъэбелджылыри, Іэгъуэблагъэхэр щызэщІагъэкъэбзэжащ Шытхьэлэ, Джэрмэншык, Чернэ Речкэ, Къэхъун, Мэрзэхъу къуажэхэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Іуащхьэмахуэ и джабэ нэкІум (метр 3500-рэ и лъагагъыу) иджыблагъэ пэкІу щекІуэкІащ «Зыри тщыгъупщакъым» къыхуеджэныгъэм щІэту. Ар теухуат Іуащхьэмахуэ лъапэрэ Кавказ къурш щхьэдэхыпІэмрэ Хэку зауэшхуэм и зэманым зыхъумахэм я фэеплъыр щІэрыщІэу къызэрызэІуахыжым.

Фэеплъ мыкІуэдыжын

●ПэкІу

Урысей Федерацэм, Украинэм, КъБР-м и бэракъхэр «Зыри тщыгъупщакъым» пэкІур щекІуэкІ щІыпІэм деж щыхатІащ.

МЫ ІУЭХУР блэкІа лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм къыщежьащ. Абы щыгъуэм дунейм щынэхъ лъагэ дыдэ фэеплъыр Луганск щыпсэухэм зэхуахьэса мылъкукІэ щащІат а къалэм мафІэгухэр щызэпкъралъхьэу щыІэ заводым, 1987 гъэми Іуащхьэмахуэ щагъэуват. АрщхьэкІэ илъэс 21-рэ дэкІа иужь, кІапсэ гъуэгу зэраухуэм къыхэкІыу, фэеплъыр зэпкърахын хуей хъуащ.

Украинэм и Лъэпкъ олимп комитетым и Луганск къудамэм и лІыкІуэхэм фэеплъыр зэфІагъэувэжащ икІи ар аргуэру ягъэувыжыну Іуащхьэмахуэ куейм и администрацэм зыхуагъэзащ. Районым и унафэщІхэм а Іуэхур даІыгъащ. Фэеплъыр ягъэувыжащ фокІадэм и 1-м - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм.

Іуащхьэмахуэ и джабэ нэкІум кІэрыхьащ цІыху 60-м нэблагъэ - куейм и администрацэм и унафэщІхэр, «Іуащхьэмахуэ кІапсэ гъуэгухэр» ОАО-м, «Ай-Би-Си» промстрой трестым, Украинэм и Лъэпкъ олимп комитетым, МЧС-м и Іуащхьэмахуэ къэзылъыхъуэ-къезыгъэл гупым щыщхэр, Терскол къуажэ школым и еджакІуэхэр.

ПэкІур Урысей Федерацэм и ГимнымкІэ къызэІуахащ. Куейм и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Раисэ къыщыпсалъэм жиІащ ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхъумэу зи псэр зытахэм я лІыгъэр тхыдэм зэрыхэмыгъуэщэнур. Абы Луганск щыпсэухэм, спорт сменхэм, Украинэм и Олимп комитетым, абы и Луганск къудамэу Кравченкэ Николай зи Іэтащхьэм фІыщІэшхуэ яхуищІащ дунейм щынэхъ лъагэ дыдэ фэеплъыр зэрызэфІагъэувэжам папщІэ.

А псалъэ гуапэхэм пэджэжу Кравченкэ Николай жиІащ мы фэеплъым Іуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума зауэлІ 219-м я цІэ-унэцІэхэр зэрытетыр икІи абыхэм я лІыгъэр къытщІэхъуэ щІэблэхэм ягу зэримыхунур.

Украинэм къикІа хьэщІэхэмрэ куейм щыщхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмкІэ зэхъуэжащ. ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ, Украинэм и Лъэпкъ олимп комитетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъум, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр зэрагъэлъапІэм я саулыкъукІэ Іуащхьэмахуэ куей администрацэм тыгъэ къыхуащІащ Украинэм и ныпымрэ гербымрэ дахэу къызэрыщ пхъуантэ гъэщІэрэщІа цІыкІу. Апхуэдэ тыгъэкІэ къахуэупсахэщ куейм щІыхь зиІэ и цІыху, Хэку зауэшхуэм хэта Бичекуев Хьэжмурат, район администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и къудамэм и унафэщІ Жаппуев Магомед, «Ай-Би-Си» промстрой трестым и Іэтащхьэ Попович Виктор, Іуащхьэмахуэ лъапэ зыхъумэжыныгъэмкІэ и музейм и унафэщІ Павленкэ Михаил сымэ, МЧС-м и щІыпІэ къегъэлакІуэ гупым хэтхэм. Терскол щыпсэу Бичекуев Хьэжмурат хьэщІэхэр щыгъуазэ ищІащ Хэку зауэшхуэм и зэманым Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІа зэхэуэхэм, мы щІыпІэм ди зауэлІхэм лІыгъэшхуэ къызэрыщагъэлъэгъуам.

Энеев Мыхьмудрэ Кравченкэ Николайрэ фэеплъ тыгъэхэмкІэ зохъуажэ.

Фэеплъыр къызэІуахащ. Асыхьэтуи къызэхуэсахэм жраІащ украин альпинист гупыр Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрынэсар.

ЗэІущІэр щызэхуащІыжым къэпсэлъащ район администрацэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Энеев Мыхьмуд. Ар къеджащ Іуащхьэ лъагэм кІэрыт фэеплъыр зэфІэгъэувэжыным елэжьа къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэм етІуанэ пІалъэкІэ президенту зэрыхахыжам папщІэ Къанокъуэ Арсен хуагъэхь хъуэхъум.

ТАРИМ Алисэ.

2002 - 2010 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэхам «Федеральнэ законодательствэм щыгъэбелджыла цІыху гупхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ къэралым зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэзэщІэныр» и программэ къуэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу 2011 гъэм хэтыну цІыхухэм я спискэ зэгуэтым и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэІум и 30-м ***№175-ПП***

2002 - 2010 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэхам «Федеральнэ законодательствэм щыгъэбелджыла цІыху гупхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ къэралым зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэзэщІэныр» и программэ къуэдзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщІэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм мазаем и 9-м къыдигъэкІа Унафэ №35-ПП-м и пункт 4-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ещІ:

1. 2002 - 2010 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэхам «Федеральнэ законодательствэм щыгъэбелджыла цІыху гупхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ къэралым зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэзэщІэныр» и программэ къуэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу 2011 гъэм хэтыну цІыхухэм я спискэ зэгуэту мы унафэм щІыгъур къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «2002 - 2010 гъэхэм ятещІыхьа «ПсэупІэ» федеральнэ программэ хэхам «Федеральнэ законодательствэм щыгъэбелджыла цІыху гупхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ къэралым зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэзэщІэныр» и программэ къуэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу 2010 гъэм хэтыну цІыхухэм я спискэ зэгуэтым и ІуэхукІэ» 2009 гъэм фокІадэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта Унафэ №240-ПП-м и пункт 1-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖМурат

Тхьэм псом я лейуэ хиха усакIуэ

Шэукъий Ахьмэд къызэралъхурэ илъэс 240-рэ ирокъу

«МЫСЫР литературэм щыбгъуэтынущ зи цIэр фIыкIэ къипIуэ хъуну куэд, ауэ а псом япэ игъэщын хуейщ етIощIанэ лIэщIыгъуэм псэуа *Ахьмэд Шэукъий,* Мысырым я усакIуэ нэхъ ин дыдэр», - апхуэдэу щитхащ Луговской Владимир «Мысырым и усакIуэхэм я усэхэр» тхылъым хуищIа хэзыгъэгъуазэм. Тхылъыр 1956 гъэм Мэзкуу къыщыдэкIащ. Ар къызэIуех Шэукъий и поэзиемкIэ. Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа нэгъуэщI усакIуитIми - Мыхьмуд Сэми аль-Барудирэ Сабри Исмэхьилрэ - я усыгъэхэр ихуащ а тхылъым.

Шэукъий Ахьмэд *(1870-1932 гъгъ.)*

Мысырым и поэзием классицизмэм щигъуэта зыужьыныгъэм Шэукъий Ахьмэд и усыгъэхэр и лъагапIэщ икIи и дахапIэщ. Жылагъуэ гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къигъэлъагъуэурэ, цIыхухэр зыщIэхъуэпси, зыхунэсаи, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэри зыубгъуауэ и тхыгъэхэм къыщиIуэтащ, иджырей цивилизацэм и мыхьэнэр япэ дыдэу къэзыгъэлъэгъуэфа хьэрып усакIуэхэми ар ящыщ зыщ.

Хьэрып поэзием и гъэфIэныр, и шу пашэр 1870 гъэм Каир дэс адыгэ унагъуэ хуэщIам къыщалъхуащ. ЩIэныгъэфI зригъэгъуэтыным кIи зыщыщIэ щыIакъым. Ахьмэд и адэшхуэр Кавказым икIри Мысырым Iэпхъуат Мухьэмэд Алий щытепщэ лъэхъэнэм. Аббас Езанэм и зэманым таможнэу Мысырым иIам и унафэщI къулыкъур абы кърат.

ИлъэсиплIым иту Ахьмэд пэщIэдзэ еджапIэм щIагъэтIысхьэ, и ныбжьыр илъэс пщIыкIутхум нэсауэ курыт еджапIэр къеух.

«Си къуэм юристу къулыкъу ищIащэрэт», - жызыIэ и адэм йодаIуэри, ар щIотIысхьэ Мадрасат-аль-хукъукъым - хабзэм хуэлэжьэнухэм я лицейм. Шэукъий студенту усэ тхын щIедзэ, яфIэмыIейуэ абы и Iэдакъэщ IэкIхэр газетхэм традзэ.

Тауфикъ хедивым и мылъкукIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэну 1887 гъэм ар Франджым ягъакIуэ. УсакIуэ ныбжьыщIэм хабзэхэр щедж Марсель, Монпелье, Париж къалэхэм, гъунэгъуу нэIуасэ захуещI франджы литературэмрэ театрымрэ, музейхэр зрегъэлъагъу, Инджылызым макIуэ. Адыгэ мамлюкхэм я псэукIам теухуауэ Париж абы щетх «Алий-бек ЦIыхушхуэр» драмэр. Франджы гъащIэм теухуауэ усэ Iэрамэрэ шыпсэхэмрэ мыбы къыщыдегъэкI.

ИужькIи абы куэдрэ къыхуихуащ Европэм кIуэну. Мысырым и щIэныгъэлIхэм я лIыкIуэу «КъуэкIыпIэ къэралхэр зыджхэм» я дунейпсо конгрессхэм Шэукъий тIэунейрэ хэтащ - зэм Женевэ щыщекIуэкIам (1894 гъэм), етIуанэм - Афинхэм щызэхэтам (1912 гъэм).

1892 гъэм Тауфикъ хедивыр дунейм ехыжри, тахътэм тетIысхьащ Аббас ЕтIуанэ Хьилмийр. ИпэкIэ тетахэм зоригъэщхьу, абы Шэукъий зрешалIэ, пщIантIэдэт усакIуэ ещI. «Хьэрып литературэщIэм и тхыдэ» зыфIища и лэжьыгъэм академик А.Е. Крымскэм къыщыхегъэщ а гъэхэм Шэукъий муслъымэн диныр гъэлъэпIэным куэду зэрытетхыхьыр. УсакIуэм зэриукъуэдиймкIэ, а диным лъэпкъ Iэджэхэр зэкъуэш зэхуищIырт икIи муслъымэнхэм я жэнэт щIыналъэм хуэдэ щымыIэу хедивыр зи тет Мысырыр къигъэлъагъуэрт. Урыс академикыр адэкIэ щытопсэлъыхь хабзэншэу Мысырым тепщэгъуэр щызубыда инджылызхэми, тырку сулътIан Абдул-Хьэмид ЕтIуанэми Шэукъий Ахьмэд щытхъу «пшыналъэхэр» яхуигъэшу зэрыщытам. Ауэ иужькIэ а щытхъу нэпцIхэр Шэукъий и тхыгъэщIэхэм нэхъ мащIэ щохъу. ЕпщыкIубгъуанэ, етIощIанэ лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм адыгэ щIалэм и усыгъэ лIэужьыгъуэхэр одэрэ элегиерэт. Зым зэфIэкI зиIэ цIыхушхуэхэм щытхъу щахуигъэшырт, адрейм, зэрыхабзэти, нэщхъеягъуэхэр гущIыхьэу къыщигъэлъагъуэрт. Абы и диван «Аш-Шэукъийятыр» 1898 гъэм Каир къыщыдэкIащ. А тхылъым ихуат 1888-1889 гъэхэм итхахэр. И пэщIэдзэ псалъэм усакIуэр щытепсэлъыхьырт поэзиер къызэрыщыхъум, къыщиIуэтэжырт и гъащIэр къызэрекIуэкIари.

1890 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс зыбжанэкIэ Шэукъий и къалэмым къыщIокI хьэрып пасэрей гъащIэм теухуа сюжетхэмкIэ итхыжауэ повестхэр, хъыбархэр. Гу лъыботэ «Жэщ минрэ зым» ижь абыхэм къазэрыщIихуами, классицизмэм и хабзэхэм тету ахэр зэрыузэщIами.

ЕкIуэкI политикэм зыдезыгъэкIуф цIыхуу зыкъилъытэж пэтми, етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Шэукъий Ахьмэд итха усэхэм яхыболъагъуэ империализмэм и бий Iуэху еплъыкIэхэри, мысыр цIыхубэр и щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэбэнри. И лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр къызыщыгъэлъэгъуа, гупсысэ куухэр къыщиIуатэ и усэхэм ящыщу тхылъеджэхэр нэхъ егъэпIейтей «Данышуай теухуа гукъэкIыжхэр» жыхуиIэм. Абы усакIуэм гуузу къыщеIуэтэж 1906 гъэм инджылыз зэрыпхъуакIуэхэм Данышуай жылэ цIыкIур Iисраф зэращIар. Империализмэм и бийуэ гъэпсащ «Мустэфа Камал», «Нил», «Кромер деж», «Хэкур сфIэгуэныхьу» усэхэр.

1914 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м Британием хъыбар игъэIуащ Мысырыр и унафэм зэрыщIэувэмкIэ. Хедивыр ягъэкIуэдыжат. Инджылызым и бий тхыгъэхэр зэрытригъэдзам къыхэкIыу Шэукъий Ахьмэд къэралым ирагъэкIащ. ИлъэсихкIэ ар ирагъэхьэжакъым и хэкум. Андалузиер зи хэщIапIэ усакIуэр Iэджэуи хуэзышырт фIыуэ илъагъу и лъахэм. Ар къыщеIуатэ а лъэхъэнэм итха усэ куэдым.

Мысырым къигъэзэжа нэужь, Шэукъий тепщэгъуэр зыIэщIэлъхэм запищIэжакъым. УсакIуэр Iущ хъуат. Абы и нэгу щIэкIырт цIыхубэм и дуней еплъыкIэм икъукIэ зэрызихъуэжам, лъэпкъыр щхьэхуит щIыжыныр псоми я гухэлъу бэнэныгъэм зэрызыхуагъэхьэзырыр.

Иджы, и напэр къемыдзэуэжу, усакIуэм зыхуейр, и псэм фIэIэфIыр итх хъунут. И усыгъэ нэхъыфIхэри а зэманыращ къыщигъэщIар. «Бэрэдэ псым теухуа уэрэд», «Властыр цIыхубэм етын!», «ЩIалэгъуалэм зыфхузогъазэ», «Хэку», «Нил аузыр зыщ» усэхэм, «Хуитыныгъэ плъыжь» поэмэм усакIуэм къыщеIуатэ КъухьэпIэмкIэ щыIэ къэралхэм зэрахьэ лейр, ялэжь мыхъумыщIагъэхэр, хьэрып къэралхэр зэкъуэувэу абыхэм я бжьыр зытрадзын зэрыхуейр.

Жызоlэ сэ: цIыхубэм
властыр хуейщ къищтэн,
ИтIанэ пщылIыпIэм
дэ дыкъикIыжынщ, -

щыжеIэ усакIуэм «Властыр цIыхубэм етын!» зыфIища усэм.

Шэукъий и пщIэм зиIэтырт, усакIуэшхуэу и хъыбарыр щIыпIэ жыжьэхэм щыIуат. Каир и «Пащтыхь оперэм» 1927 гъэм абы и щIыхькIэ къыщызэIуаха гуфIэгъуэ зэIущIэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и къэрал псоми я лIыкIуэхэм зэдэарэзыуэ ар щыхахащ «Хьэрып усакIуэхэм я эмиру».

ТхакIуэ цIэрыIуэ икIи критик Тахьэ Хъусейн, иужькIэ (1933 гъэм) «Хьэфизрэ Шэукъийрэ» лэжьыгъэр зытхам, а пщыхьэщхьэ гуимыхужым адыгэ щIалэм щхьэкIэ жиIат ар «муслъымэн Мысырым игъащIэ лъандэрэ къыщалъхуахэм я нэхъ акъылыфIэ дыдэу икIи Абуль-Ала Маари и зэманым къыщыщIэдзауэ хьэрып литературэм апхуэдэ усакIуэ къыщымыунэхуауэ». Абы ипэжкIи, 1925 гъэм, хьэрып IуэхухэмкIэ IэщIагъэлI нэмыцэ Г. Кампсмейр Мысырым щыIа нэужь, мыпхуэдэу итхыжат:«Мысырым щыпсэууэ хъуам я бзэгупэм телъщ Шэукъийрэ Хьэфиз Ибрэхьимрэ я цIэхэр»... Ардыдэр щыжеIэ «Мысырым и ныбжьхэр» зыфIища и тхылъым Америкэм щыщ еджагъэшхуэ Т. Холл. 1928 гъэм Нью-Йорк къыщыдэкIа а тхылъым иужьрей едзыгъуэм а усакIуитIым фIыкIэ щатопсэлъыхь, инджылызыбзэкIэ езым зэридзэкIауэ я усэхэри тредзэ.

Дунейм ехыжыным илъэс зыбжанэ нэхъ къэмынэжауэ Шэукъий Ахьмэд драматургием зрет. Пэжщ, псэуху абы усэ тхыни щигъэтакъым. 1932 гъэм фокIадэм къызэIуаха «Аполлон» литературэ хасэм ар и тхьэмадэу хах. УсакIуэ романтикхэр зэзышэлIа а хасэр сэбэпышхуэ хъуащ хьэрып поэзием зиужьынымкIэ. Ауэ а IэнатIэм ар куэдрэ пэрытакъым. 1932 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м дунейм ехыжащ «хьэрып усакIуэхэм я эмирыр».

И псэр пытыху Шэукъий къалэмыр игъэтIылъакъым. Езыми гъащIэшхуэ къыхуэнэжатэкъым, мазищ къудейт зэрыпсэужынур, фIыуэ илъагъу и ныбжьэгъуфI, усакIуэшхуэ Хьэфиз Ибрэхьим дунейм щехыжам. Ар и гум щIыхьауэ Ахьмэд етх «Хьэфиз Ибрэхьим и лIэныгъэм теухуауэ» усэр, гъыбзэ щIыкIэу гъэпсар.

Езыр щымыIэжми, Шэукъий и поэзие телъыджэр уахътыншэщ. Талантышхуэ зыбгъэдэлъа а усакIуэм и гъащIэмрэ и псэукIамрэ хъыбар Iэджэ теIукIащ. Хъаннэ аль-Фахьури зэрыжиIэмкIэ, къару иниплI бгъэдэлъати, а цIыхур адрейхэм яхуэмыдэ хъуащ. Япэ къарум къежьапIэ хуэхъурт ар хуабжьу зэрыгурыхуэр, абы и фIыщIэкIэ тхэным хуэIэзэ хъуащ. ЕтIуанэ къаруур бгъэдэлъащ зэ зэхихар, зэджар щымыгъупщэжу игу ириубыдэфу зэрыщытар. Абы и щхьэм усэрэ уэрэду Iэджэ щихъумэрт.

Ещанэу, Ахьмэд щыпсэуа лъэхъэнэм и цIыхут, и усакIуэт. ГъащIэм и къэхъукъащIэхэр кууэ зыхищIэрт. ЕплIанэ къарут зэрыгумызагъэр, зыри япэ иригъэщыну зэримыгугъэр. Фыгъуэтэкъым, ауэ хьэрхуэрагъ хэлът, зы усакIуи зытримыгъэкIуэну. Арагъэнщ абы щIыхузэфIэкIар мы дунейр къызэрыхъурэ сыт хуэдэ зэманми, сыт хуэдэ лъэпкъми къыщыунэхуа усакIуэшхуэхэм я нэхъ ин дыдэхэм ящыщ хъуну.

ЗэфIэкIышхуэ зиIэ а адыгэ щIалэр тхэн щыщIидза япэ зэманхэм ахъшэ хуримыкъущэу псэуащ. Абы къыхэкIкIэ хъер къызыпих усэхэр - щытхъукIэ лIыщхьэхэр «щIигъанэу», итхащ. Ауэ абы куэдрэ жиIакъым зи гупкIэ исым и уэрэд. И акъылыр тIыса нэужь, лъэпкъым, хэкум, цIыхубэм яхуэлэжьэныр къалэн зыщищIыжауэ, и къалэмым тхыгъэ щэджащэхэр къыщIэкIащ.

Шэукъий, хьэрып литературэм къыдэкIуэу, Европэм ейри фIыуэ ищIэрт. Псом хуэмыдэу ар дихьэхырт франджы литературэм. Хьэзабым хэту гъащIэм и пэжыр къэлъыхъуэныр къызыхэщ и тхыгъэхэр къапщтэмэ, ахэр зыкъомкIэ ящхьщ Мюссе пэжыр къызэрилъыхъуэм. И лирикэр Ламартин ейм нэхъ хуокIуэ, псалъэ шэрыуэхэр къызэригъэсэбэпымкIэ Лафонтен нэхъ ещхьщ, и драмэхэм Корнель и пьесэ тхыкIэр уигу къагъэкIыж. Ауэ псом хуэмыдэжу Шэукъий нэхъ пэгъунэгъущ Виктор Гюго. Франджы цIыхубэр хуитыныгъэм къэмылэнджэжу зэрыхуриджэм, хъыжьагъэ хэлъу ем зэрыпэщIэувэфым, и лъэпкъыр зыгъэин образ мыкIуэдыжынухэр къызэригъэщIым къадэкIуэу, а франджы тхакIуэм бзэри Iэзэу игъэшэрыуэрт, и усэхэр гъащIэм къыщыхъу псоми пэджэжырт. А псоми дихьэхат Шэукъий. Шэч хэмылъуи, тхакIуэр зэрыщытын хуейм и щапхъэр абы щилъагъурт Виктор Гюго деж.

ЗэхъуэкIыныгъэшхуэхэр дунейм къыщыхъу лъэхъэнэм псэуащ Шэукъий Ахьмэд. И хэкум ирагъэкIын и пэкIэ зэрыпсэуа зэманыр, ирагъэкIа нэужь хузэфIэкIар, хэкум къигъэзэжа нэужь и Iуэху еплъыкIэхэм зэрызахъуэжар - а псори зэпэплъыта, зэбгъэпща нэужь, усакIуэм и IуэхущIафэр Iыхьищу зэпыбгъэщхьэхукI хъунущ: адрей усакIуэхэм запищIыжу щыщытар - зыуэ, тхэкIэщIэм щыхуэкIуар - етIуанэу, и поэзием щIэщыгъуэу зыщиузэщIар - ещанэу.

ГъащIэм и Iейри ифIри, цIыхухэм я псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ къэхъугъэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ къэгъэсэбэпауэ къэгъэлъэгъуэныр Шэукъий нэрыгъ ещI тхэкIэщIэм щыхуэкIуа, и усыгъэм зыщиузэщIа лъэхъэнэхэм. Ущие зыхэлъ, романтикэкIэ гъэнщIа, гумрэ псэмрэ зыхуэпабгъэхэм зыщаузэщIа усэхэм цIыхухэм къыхахын акъыл щагъуэтырт. Апхуэдэ зы усэм, «ЩIэныгъэм хущIэкъум», щыщу мы сатырхэр ищхьэкIэ щыжыIахэм я щапхъэщ:

Къэплъыхъуэжу уи пэжыр
- утехьамэ уэ гъуэгу,
Къаруушхуэ уимыIэм
укъинэнущ утыку.
«ЛIыгъэ зиIэр мурадым
лъокI лъэIэсын,
Мис апхуэдэм цIыхубэм
и щытхъур лъысынщ.
Псэм фIэфI псори
бгъэзащIэу дунейм
утемыт,
Уохъу ухыгъэм и гъэр,
Iэнэ шхын зытемыт.
УлIэжынущ зэгуэр,
ущымыщтэ абы...
Абы хэт щышынами,
мэхъу ажалым и пщылI.

Шэукъий и лъагъуныгъэ лирикэр «зэмыплъыфэщ» икIи удэзыхьэхщ. Абы зэм щызыхибощIэ лъагъуныгъэ гуащIэм псэр хьэзаб зэрыхигъэтыр, зэм щызэхыбох гухэлъ дахэ зыIуатэ ныбжьыщIэхэм я макъ насыпыфIэхэр, зэми къыщыболъагъу нэгъуэщI цIыху фIыуэ зылъагъур щхьэжагъуэ хъуауэ гъащIэр фIэмыIэфIыжу. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, мы усэхэр: «Сэ сощIэж», «Пагэу ущызблэкIкIэ», «Си гум уихужыркъым», «Пощт маркэ», «Махуэхэм я гъащIэр», нэгъуэщI куэдхэри.

Шэукъий Ахьмэд, ищхьэкIи зэрыщыжытIащи, усэ тхыныр и къалэн нэхъыщхьэу ибжырт, псэухуи нэхъыбэу аращ зыхуэлэжьар. Ауэ абы къыщIэнащ пьесэфI зыбжани. Ар щыпсэуа лъэхъэнэм Мысырым и драматургиер къыкIэрыхурт. Академик И. Ю. Крачковскэм и «тхыгъэ къыхэхахэм» (Мэзкуу - Ленинград, 1956 гъэм, ещанэ том) щетх: «ЕщэщIанэ гъэхэм усакIуэшхуэ Шэукъий Ахьмэд аргуэру зэ къигъэщIэрэщIэжыну хуожьэ классикэ нэпцIыр зи щапхъэ трагедиехэр; хьэрып, мысыр пасэрей гъащIэм къыхихауэ абы итхащ пьесэ зыбжанэ («Клеопатрэ», «Камбиз», «Меджнун», «Андалузием и тепщэ гуащэ», нэгъуэщIхэри); иджыри къэс тепщэгъуэр мысыр литературэм щызыIыгъ классикэм тету усэ зэщIэжьыуэхэмкIэ тха зэрыхъуам къыхэкIыу ахэр хьэрып тхылъеджэхэм хуабжьу ягу ирохь».

Дунейм ехыжыным мазэ зыбжанэ нэхъ имыIэжу Ахьмэд и «лъым и джэ макъ» зэхех, икIи къызыхэкIа и адыгэ лъэпкъым хуэфэщэн гуэркIэ етэну лэжьыгъэм зрет. НэхъапэIуэкIэ итха «Алий-бек ЦIыхушхуэр, е Мамлюкхэм я къэралыгъуэр» пьесэр, щищIалэгъуэм къемыхъулIауэ илъытэр, щIэрыщIэу иузэщIыжыну йотIысылIэ. ПIэхэнэу зэрыщытым хуэдэу усакIуэ сымаджэр илъэс ныкъуэкIэ псэхугъуэ имыIэу лэжьащ, и тхыкIэкIи и щыкIэкIи пьесэр зэрихъуэкIыжу, иригъэфIакIуэу.

Пьесэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр Каир, Акъкъэ, Силихьийе къалэхэм щокIуэкI. Ар топсэлъыхьыж адыгэ Алийбекрэ абы и телъхьэ хъуахэмрэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и бийуэ зыкъаIэту текIуэныгъэр къызэрахьам, Мысырыр хуит къызэращIыжам. Апхуэдэу абы къыхощыж Алий-бек и малъхъэ Мухьэмэд абу Зэхьабрэ мамлюк Мурад-бекрэ къызэрепцIыжар. Тхыдэ «къуэпс» кIуэцIрышам къещIэкIауэ, къыIущауэ драмэм дыщрохьэлIэ лъагъуныгъэ, щхьэхуещэ Iуэхухэми. Псалъэм папщIэ, гукъинэж къыпщохъу Мурад-бекрэ гъэр цIыхубз Амалрэ я лъагъуныгъэр. А лъагъуныгъэр къызэщIэстурэ зэуэ къызэпоуд - фIыуэ зэрылъэгъуахэр зэдэлъхузэшыпхъуу къыщIокI.

Мы тхыгъэм наIуэ къищIащ Шэукъий къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэми и псэукIами фIыуэ щыгъуазэ цIыхуу зэрыщытар. Абы адыгэхэм я шыфэлIыфэр IупщIу дегъэлъагъу, лъэпкъым и хьэл-щэныр, и псэукIамрэ и зэхэтыкIамрэ ди нэгу щIегъэкI. Апхуэдэуи тхакIуэшхуэм ибзыщIакъым мамлюк къэралыгъуэми лей щызекIуэу, гъэпцIагъэ щызэрахьэу зы зэман къызэрекIуэкIар.

Хьэрып поэзием и дахапIэр къэзыгъэщIа усакIуэшхуэм мы тхыгъэр и ехъулIэныгъэшхуэу къабжащ ар фIыуэ зылъагъухэм. Абыхэм къалъытащ ар усыгъэм и телъыджэу, Iэзагъышхуэ хэлъу гъэпсауэ.

Шэукъий и драмэхэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхур зэрыщытын хуейр, абы и хьэл-щэн нэхъыфIхэр - акъылыфIагъэр, пагагъэр, лIыхъужьыгъэр, хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуейр, хуитыныгъэр хъумэным, пщылIыпIэр гъэкIуэдыным яIэ мыхьэнэр, нэгъуэщI куэди.

Шэукъий Ахьмэд хьэрып драматургием и «адэу» игъащIэкIэ щытынущ, сыту жыпIэмэ иджырей театрым хуэлэжьэн ар ищIащ, пасэрей фащэжьыр щихри, къэунэху гъащIэм екIун «щыгъын» щитIэгъащ, нобэрей гупсысэкIи щIэщыгъуэ ищIащ.

Хъаннэ аль-Фахьури «хьэрып усакIуэхэм я эмирым» мы дунейм щиубыд увыпIэр щиубзыхукIэ мыр тэмэму жеIэ: «Ар цIыхушхуэщ, абы къыщымынэжу, Тхьэм псом я лейуэ хиха усакIуэщ, дунейм усакIуэшхуэ дыдэу къытехъуахэм нэхърэ мынэхъ цIыкIуу, ауэ и зэчийм щыщ куэд абы пщIэншэу игъэкIуэдащ зыхуейр итхыну щыхуимыта лъэхъэнэм»...

МыкIуэдыжын образхэр, усыгъэ хьэлэмэтыщэхэр зи къалэмым къыщIэкIа тхакIуэр дуней псом къыщацIыху. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум уей-уей щыжезыгъэIа, хьэрып поэзиер къэзыгъэщIэрэщIэжахэм ящыщ зы, усакIуэ Iэджэм я щапхъэ хъуа, ноби куэдыр зыдэплъей усакIуэшхуэщ Шэукъий Ахьмэд. Абы и усыгъэхэр мыкIуэдыж фIыгъуэу игъащIэкIэ яIэнущ Мысырым ис цIыхухэм. Захъуэжынщ зэманми дунейми, къызэкIэлъыкIуэнщ щIэблэщIэхэр, ауэ зы зэмани къэхъункъым поэзие нэсым, Шэукъий Ахьмэд къыбгъэдэкIам, и хэкуэгъухэр димыхьэхыжу, и хэкуэгъухэм ар яфIэмыIэфIу.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Псыщхуэщ, псы берычэтщ НилкIэ зэджэр.

ШЭУКЪИЙ Ахьмэд и тхыгъэхэр

Каир дэт мэжджытхэм я нэхъ дахэхэр адыгэ мамлюкхэм ирагъэщIащ.

КъыщIыхьэр уэрщ си нэгу

Сыху ейми усщыгъупщэжыну,
Сигу усхуигъэкIкъым, сщIэнур сыт?
Сыху ейми узгъэкъуэншэжыну,
Уи телъхьэщ си псэр - сэ сысыт?

СыхущIэкъухукIэ узбгынэну,
Себгынэр жейми, сохьыр гугъу.
Си пщIыхьым слъэкIкъым ухэсхыну -
ПщIыхьэпIэ къэс узиIэпэгъущ.

Псэ езэшар къыдэгъэгъэжу
Дахагъэ гуэр къэкIыжмэ сигу,
Сигу уизгъэхуныр щхьэгъэпцIэжщи,
КъыщIыхьэр япэ у уэрщ си нэгу.

Си нэпс къыщIехур лъагъуныгъэм,
АрщхьэкIэ сытхэр си Iэмал?!
Сэбэп къысхуэхъукъым нэпс шыугъэр, -
Си дежкIэ уи гур щIыIэмылщ.

УкъепэгэкIми ауаныщIу,
ЛъэгущIыхьу си щхьэ згъэтIылъам,
Сэ схулъэкIынукъым нэгъуэщIу, -
Пэлъэщкъым зыри сигу къэплъам.

ГубампIэдэхыу къанэр фадэрщ.
КъелыпIэ фадэри мыхъуам,
Изохыр пу нэлат ар фалъэм
КъыщыпкIыу къысхуизыгъэхъуам!

Сиплъакъым фадэ гуащIэм и щIэм.
Къысщыхуэ фадэу хъуам я ней!
Къихьащи гъатхэр си псэ лъащIэм,
Щогъагъэ си гум сэтэнейр!

Дуней гъащIэ

ТфIэфIщ къэдгъэкIыжыну куэдрэ ди гум
ЕджапIэм щыдгъэкIуа ди сабиигъуэр:
Ар нэхъ и IэфIыпIэу гъащIэ гъуэгум,
ЩыдиIащ нэхъыбэу дэрэжэгъуэр!

Аурэ къэдухри ди еджэныр,
ДыщилъэтыкIым ди еджапIэ абгъуэм,
Гум пымыкIыу ди блэкIа зэманыр,
ДыхуеплъэкIыжт нэщхъейуэ сабиигъуэм!

Дытеувами ди гъуэгу нэщхъеялъэм,
КъыщIэкIт, къухьэжырт, зэрихабзэу,
дыгъэр -
КъуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи
къыщыплъэу,
Уфауэ зэм, зэм нуру икIи бзыгъэу.
ДыпсэухункIэ дуней гъащIэм
ди лъэм лъэхъуу
Кърилъхьащи, хьэлъэр дохь тхуэмыхъуу!

Изогъэщхь сыт щыгъуи си классэгъухэр
Бзу шыр цIыкIухэу илъэтыкIхэм абгъуэм:
Хэти долъэтей гушхуауэ уафэм,
Хэти щокIэзызыр абгъуэ Iуфэм.
Хэти щIокъур и дамэм зэманым
ТетIысхьэу лъэт эну щIым и гъунэм,
Гу лъамытэу абы ху эдэ гъуэгум
Тет а куэд къызэриху ам уанэгум!

Хьэрф зырызу зэпигъэувэу алыфбийр,
КъеджэкIэ, тхэкIэ зригъащIэу щысщ сабийр.
Сыту IэфIыщэ, телъыджащэ мы дунейр,
ЛъапцIэрыщэу къыщыбжыхьыну ущыхуейм!

Урок иухым и хъыбарегъащIэ у,
Куэдрэ цIыкIухэр зыпэплъа пшыналъэу,
Уэзджынэ къэзууар къызэролъэ лъыр.
Гу лъамытарэ къищIахэу щхьэ жагъу э,
КъэсакIэщ я зэбгъэдэкIыжыгъуэр!

Тхылъхэр кърат ыж иджы ныбжьыщIэхэм:
«Фи щхьэр вгъэпсэуж, фыпсэуж,
фыхъуакIэщи балигъ!»
Зэман сыхьэтыр къигъэIурыщIэу,
Къэзыгъэувы Iэф щIэмыт уафэм и щIагъ!

Иджы ситщ хуиту губгъуэ хуитым,
БерычэткIэ хьэсэхэр дгъэщхьэлъэ у,
Емыплъыжу зэманым и сыхьэтым,
Сабиигъуэр щыщхьэукъуэу ди тхылъылъэм!

ДыкъэкIуауэ аракъым хьэщIапIэ,
ДыпсэухукIэ гъащIэм и зэуапIэм
ДыIутыну дыкъихьащ мы губгъуэм.
А зауэм дыщыхъуну дэ шу кIашэ.
Е щIэблэм драIэну я шу пашэу?!

КъызэдаIуэт гупсэхуу, щIэб лэщIэ,
Инщ дунейр, и щэхухэри мымащIэ,
НэIурыту плъагъуу гъащIэ узыхуэкIуэм
Зэи фIэфIкъым удэджэгуу
гъуэрыгъуапщкIуэ.
БлэцIэфтами сабиигъуэ дыщэр псынщIэу,
Еджэми зекIуэлIми согъэиныр я пщIэр!

ГъащIэм къегъэувыр Iуэ ху к уэд гугъу у:
КъытрищIэу ди Iэгухэм лэрыгъур,
ЩIэныгъэлIым къихутэн хуей щэхухэм
Къахохъуэ, махуэм къыкIэлъыкIуэу махуэр.
Я Iуэху къикIыу щытми зэзэмызэ,
Лъэпощхьэпо хэм нэхъыбэ жрэ хуэзэу,
Губзыгъагъэу къагъэнам нэхъыжьым
Акъыл жанхэмкIэ зрагъэужьу.

Вагъ уэ пхыдзахэм я пшэкIухьу,
Гупсысэм уэгум къыщекIухьыр,
Зэхуихьэсу хьэршым и щэхухэр,
ЛIэщIыгъу э кIыфIхэр игъэнэхуу.

Къулейщ щIэныгъэкIэ ди гъащIэр,
Ар ягъэбагъуэу кIуэтэхун,
ЩIым зэпымыууэ къыщегъэщIыр
Гиппократ, Гомер, Ньютон,
ИгъэбжьыфIэну и лъэхъэнэр,
ЩIылъэм къыщалъхур Авиценни!

ЩIэныгъэ жыгыр къудамэбэщ,
И къуэпсхэр иту акъыл лъэмбым,
Къилъыхъуэ защIэурэ цIыху гъащIэм
И щэхухэу нэсу къахуэмыщIэр!

Къылъысыжынущ хэт и Iыхьи
Ар зэритауэ щIым и бжаблэм,
ЩIэныгъэ жыгым пхъэщхьэмыщхьэу
Къыпичыжынущ хиса жылэр!

Адыгэ пщащэ

Узыте увэр къеIущащэу уи лъэм,
Уэрамым ущрикIу экIэ упагэу,
Уи гъуэгур зэрылъэкIкIэ пхуигъэдахэ у,
Пщэдджыжьым къыпхуеубгъур
и пшэкIэплъыр.
Къехъуэпсауэ уи пкъым хуэфI бостейм,
Къыптоджэгухь щIыкIафIэу дыгъэ бзийр.

Узыте увэр къеIущащэу уи лъэм,
Уэрамым ущрикIу экIэ упагэу,
Хъуэпсэныг урэ зыкъыпхуагъэзбг эу,
Хъыджэбз узыблэкIхэр къыпкIэлъоплъыр.
Iэгурыжщ уибг лантIэр, дзэ хужьыбзэм
КъыдошкIурыкIукIыр уи гуфIэкIэр,
Ар хыбокIутэжри дыгъэпсым,
Дыгъэ бзийм по лыд налкъутналмэсу.

Нэ пIащитIыр, уи нэкIу дыхьэрэныр
Зэ нэхъ мыхъуми зылъэгъуам игъащIэм,
Къыптрихыжын лъэмыкIыу и нэр,
Къилъыт энущ ужэнэт нысащIэу.
Урагугъами гъ уэбж эгъуэщ телъыджэу,
Щыбгъэуащ хьэщыкъ къэпщIауэ Iэджэ...
НэкIу дыхьэрэну пагэу зыщIэбгъафIэр
ЙогуэщIэкIыр жыхьэнмэ мафIэм.

Щыпсэуащ Мысырым адыгэ пщащэ дахащэ - Джэрым Мей
Сурэтыр 1884 гъэм трахащ.

СощIэж

СощIэжыр: хьэщыкъ пщIахэм,
ещхьу чэфым,
Къауфэрэзыхьт гуп-гупурэ уи Iуфэр.

Дахагъэм и тхьэ къыпфIащауэ къо джэу,
ЗыпхуагъэбзафIэрт щIалэщIэ Iэджэм!

КъэсщIащ абы щыгъуэ узищIысыр:
УкIытэншэу ухэсыхьт щытхъупсым.

Абдеж щыщIэдзауэ гу лъыстащ сэ
КъысхуэщIыIэ зэрыхъуами уи псэр.

Зэман лъэ данэ инам сигъэхыщIэу,
Сыпэплъат сэ ди япэ зэIущIэм.

ДызэщыгуфIыкIрэ насыпыр къыщыпкIыу
Дызэпежьати IэплIэешэкIкIэ.

КъыщысщIэм мащIэу узэтезыIыгъэр,
СхуэмыIыгъыжу ижащ си гурыгъыр.

Къару щэху гуэрым къридзурэ лыгъэ,
Уи нитIырт къызыщIихыр лъагъуныгъэ.

ДзыхьмыщI дыдэу укъызэIусэу,
КъызжепIащ: «Иджы зумыгъэг усэу,

КъедаIуэ япэ щIыкIэ ныбжесIэнум -
Хабзэ ткIийхэр сыт зэрыдбгъэщIынур?
Хъыдж эбзхэм я къалэнщ захъ умэжыну,
ЦIыхухъухэм япэIэщIэу заIыгъыну.
ДегъэпIэщIэкI а хабзэхэр ткъутэну».

Зэман к уэдкIэ щагъэта махъсымэ у,
Зэ къиуамэ гурыщIэ къэкъуалъэр,
Щыгъупщэжу и хабзи нэмыси,
КъыщхьэпрекIыкI махъсымэр фалъэм.

ЩыхуэмыIыгъкIэ фадэ гуащIэр
фалъэ нэзым,
И тхьэрыIуэр щогъупщэжыр хъыджэбзым.

Иджы дызэIущIэм зэзэмызэ,
Уи нитIыр уогъэпщкIуж, къыс ху умыгъаззу.

УтокIуэ три, укъызблокIыр щыму,
Си закъуэу сыкъытонэри уэрамым.

Хьэщыкъ пщIауэ, къэзыжыхьхэм уи Iуфэр
Я щытхъупсым укъигъэнагъэнущ нэфу.

Нил

ГугъапIэу диIэщ, ди гуапэщ гум ех уэбэкI псыIагъэр.
Жэнэ т щIыналъэщ, и Iуфэр зэщIэгъэгъащ щхъ уантIагъэу.
ЩIэращIэщ пщащэ щIыкIафIэу, зауэ лI къудану зэкIужщ.
Дыгъэ нэбзийхэр псы щхьэфэм, щоджэгури, псым хоткIухьыж.

Тенджыз губжьауэ, гъатхапэм къиунщи, уэру ехынщ.
Гъэр икIыхун зыхуе жэ хыр, щIэлажьэр цIых ум я шхынщ.
Бжьэхуцыр къыдегъэбэкIыр, ди губгъуэм и гуэдз щхьэмыжщ.
ГуфIэгъ уэм и къигъэхъуапIэу, г угъапIэр къезыгъэблэжщ.

ГуапагъкIэ цIыхум ет эныр и ткIуэпсх эм я гъащIэ уазщ.
ЩIыгулъым псэ хэлъхьэжыныр а псышхуэм хуиуха фарзщ.
Къулей-къулейсыз имыIэу гъавэр яхуегъэщхьэлъэ,
Iупхыжмэ, тесэ аргуэру, къыхыумыгъэкIыу пIалъэ!

Уеплъамэ, и пIэм имыкIыу къыпщыхъуми, и гъу э гу мыухщ.
Псы щIэншэм щыму, мыпIащIэу ди гъащIэр къытхурехьэх.
Ауэ зэм-зэм къэгубжьмэ, аслъэным и пщэц тэджауэ,
Псыпыхуу къызэро хьэжьэри, и нэпкъхэм къо уэ пэбжьауэ у.

ГугъапIэу диIэщ, ди гу апэщ гум ех уэбэкI псыIагъэр.
Хуэкъамылыфэ и Iуфэр зэщIолыдыкI накъыгъэу.
Си фIэщ пхуэщIынкъым щыIэу езы жэнэтми, уеблэм,
ДахагъкIэ, берычэтагъкIэ зы псы пэхъуну Нилым!

«Бейбарс» - «ТекIуэныгъэр зей»



●Зэвгъэщiыху

Бейбарс щыгъ Израилым и щIалэгъуалэ гуп кыыхэхам и фащэр.

Натхъуэ Бейбарс ирогушхуэ зыIэригъэхьа екъуIлIэныгъэхэм, кыыхуагъэфэща строт дамыгъэхэм. Абыхэм ар льагапIэщIэхэм нэхъри трагьэгушхуэ.

★★★

респондентыр щIыхьэщIащ Урысей футбол клубым - Къэзан и «Рубин»-м - щIэуэ кыыхьхьахэм я нэхьыфI Натхъуэ Бейбарс къэзылъхуахэм я лъапсэм пкIи абы и кьелкIуэжыкIам теухуауэ зэхэлъмэт куэд къыщIащ.

«6» НОМЕРЫР зытет футболкэр Бейбарс джекIэ насыпыфIэуэ къыщIэкIащ. Кфар-Камэ щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэм зэгуэр кыыхиха бжыгъэр и адэм и чэнджэщIкIэ илъэс куэдкIэ ихьуэжакьым. А номерыр тельуэ и кьуажэ командэм щыщIидзащ спортышхуэ гъуэгуанэм, нуэхым, къэралым и клуб пэрытхэм ящыщ зым - Тель-Авив и «Хапоэль»-м - хэту топджэгу губгъуэм ихьащ. Натхъуэ Акрам (ар дунейм ехьжащ) нэщэнэхэр и фIэщ мыхьущэми, а бжыгъэр и кьуэм кыщыхуэсабзащ Израилым и щIалэгъуалэ командэ кыыхэхам - Бейбарс зэман кIэщIым абы и капитан хъуащ. Кьыхэдгъэщынши, Израиль футболым и тхыдэм капитан кьалэныр журтым эмышIу нэгъуэщIым щIыпсыар а зэ закъуэрщ. Натхъуэ нэхъыщIэм и гъащIэми и спорт зыужьыныгъэми зэхъуэкIыныгъэ щигъу этар щIалэр Урысей Федерацэм кьэкIуэ нэужькIэ «Рубин»-м кьыхьыха щIалэщIэм, командэм и унафэщIэхэм гугъэфIэкэр зрапхьм, щхьэгъуэз кьишэри, и номерри «хьщIрэ хьикIэ» ихьуэжащ. Ар жэуаплиныгъэ зыпылъ, и кьуэм ищIэу кыыхиха лъэбакъуэу кьелытэ и анэ Нурхьан: Бейбарс и Iыхьлы гъунэгъу Натхъуэ Нили, Израилым и волейболистхэ щIэрыIуэм, илъэситху и пэкIэ аварием хэкIуэдам, а бжыгъэрщ зэрихьар. Иджы хы бжыгъэ тIуащIэм Бейбарс и адэмрэ Нилирэ игу кьегъэкIыж.

Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зыщIэзыгъэлъэгъуа Натхъуэр «Рубин»-м щригъэблагъэм, хьэуэ кыхьигъэжьа-кыым - УФ-м и премьер-лигэм и командэ нэхъыфIым хыхьэну европей класс зиIэ Бейбарс джекIэ контрактым мыльку и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэтэжым, кьэзан клубым и сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI щытыкIэр япэ ящащ: Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ жьылагъуэхэм щыпсэу и лъахэгъу куэдми хуэдэу, Натхъуэ диныр зи фIэщ хьу цIыхуэ. Тэтэрстаным, урысей ислъамым и щыхьэр пэльытэм, зэрыкIуам футболист щIалэщIэр хущIегъуэ-жыркъым.

-Бейбарс кьриубыла контрактым Iэ зэрыщIидзу, «Рубин»-м и тренер Бердыев Курбан Кфар-Камэ къэкIуащ, - жеIэ Натхъуэ Нурхьан (ар Рихьэние щыщщ). - Абы тельыдж щыхьуат километр мин бжыгъэкIэ Кавказым пэIэщIэ адыгэхэм я хабзэр, я бзэр зэрахьумар. Бердыевыр щежьэжьм, дыкьигъэгугъащ мыгувэу кьытригъэ ззэжьну. Абы гунэс щыхьуат адыгэ кьуажэм щилъэгъуа хьщIагъэмрэ гуапагъэмрэ.

«Рубин»-м и гъэсакIуэр япэ дыдэу Кфар-Камэ кьыщыщыхутам, езыр пэмыплъагъэхэу, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм пщIэ зиIэ и хьэщIэ хьуат. Мис абы щытуэ тригъэчыныхьат Бейбарс кIыхьлIыхь имышIу щхьэгъуэз кьишэным.

- «Мыбы кьыщумышэмэ, Iыгъэр щыщодгъэшэнщ, пщащэ дахэ ди куэдщI! - гуфIэр и нэгум кьрихьиу игу кьегъэжьыж Нурхьан Бердыевым и псалъэхэр. - Бейбарс а зэманым апхуэдэ гупсысэ иIэти, и тренерыщIэм и псалъэхэм нэхъри трагъэгушхуащ.

Мазэ дэкIри, Бейбарс илъэситкIэ зэпсэльа, зэ Iуплъэгъуэм игури и псэри зытхьэкъуа пщащэр кьишэри, хьэгъуэлIыгъэр псынщIэу ирагъэкIуэкIащ. КIэщIу жыпIэмэ, Натхъуэр Урысейм кьэкIуащ и щхьэгъуэз ХьэщIэмыз Талие щыгъуэ, ари Кфар-Камэщ кьыщальхуар.

- А махуэхэм «Рубин»-м Европей Кубокыр кьэхьылагъэм, хьэуэ кыхьигъэжьакьым - УФ-м и премьер-лигэм и командэ нэхъыфIым хыхьэну европей класс зиIэ гъэфакьым, - жеIэ Нурхьан. - ТелефонкIэ кьехъуэ хъуащ, Бердыевым Iуэхуэр Iэтауэ игъэльапIэну кьигъэгугъащ.

Натхъуэм и унэм и хьэщIэщ пэщым футбол щIыхьым и музей уигу кьегъэкI: абы и блынхэм фIэдзащ газетхэмрэ журналхэмрэ кьыхэгъэжа пплан эпхэр, кубокхэр, медалхэр, дипломхэр, и унагъуэ альбомым сурэт хьэлэмэт куэд дальщ. И ныбжьым ельытауэ, Бейбарс спортым епха хьэпшып куэд зэхуигъхьасащ. А псоми кьахощ Бейбарсрэ и адэ Акрамрэ «Хапоэль» и зэIущIэхэм ящыщ зым и ужькIэ эзытрагъэха сурэтышхуэр. Натхъуэ нэхъыжьым зы топджэгуи блигъэкIыртэкьым, и кьуэ закъуэр спортсмен цIэрыIуэ, пщIэ зыхуащI цIыху нэс хъуну щIэхъуэнсыртри, гъэсэныгъэм я нэхъыфIыр бгъэдилъхьэрт.

- Дэ псоми ди фIэщ хьурт Бейбарс спортым ехьуIэныгъэхэр зэрыщIыгъэригъэхьунр, - жеIэ футболистым и анэм, - Абы иджыри зекIуэн щIидзатэкьым цIхьэкIэ топым еуэну щыхуящIэкьым. Ар и псэм хэлъу къэтэджащ Бейбарс, Iуэхум жэуапныгъэ пылъу бгъэдыхьэу, и гуащIэ псор ирихьэлIэрэ зигъэсэу къэхъуащ. Зы дакьикьи хущIыхьэгъуэ иIэтэкьым, зэIущIэхэм, зыгъэсэныгъэхэм кьащIидзэхэу зэман кIэщIым кьуажэм кьэхьужамэ, топыр кьищтэрти, щIалэ цIыкIухэм ящIыгъуэ стадионым кIэрт. Топджэгум апхуэдизу хьэщIыкъ зэрыхуэхьэуар нэрылъагъути, кьытхуэнэжьар сыт и лъэныкъуэкIи тедгъэущхуэныр, и мурадыр кьехьулIэн папщIэ зыщIэдгъэкIу эныр.

Мастер лъэщ кьищIыкIыху Бейбарс гъунэгъу унэхэм щхьэгъубжэ абдж дапщэ хикьутыкIами, ягу кьагъэкIыжыркъым. Ауэ аракьым нэхъыщхьэр. Нобэ Натхъуэр Израилым щыпсэу адыгэхэр зэрыгушхуэщ, щIалэгъуалэм я щапхьэщ. Бейбарс кьигъэлъэгъуащ уи кьарурэ ерыщагъкIэ узыхуейм уи Iэр зэрытебгъэхуэфынур, узыхуэпабгъэ екьулIэныгъэхэр, лъагапIэхэр гъащIэм зэрыщызыIэрыбгъэхьэфынур. Абы щигъуэми, укьыщалъхуа щыIпIэми укьыщыхэкIа лъэпкъми емыльытагъэ.

- Псори ешIэ и гуащIэкIэ зыIэригъэхьащ, - кьыхегъэщ Нурхьан. - Ар тIкIийуэ спорт мардэм тетщ. Пщэдей джэгу кьыпэщылъмэ, ихьуреягъыр щыгъупщэрти, игури и псэри а зэIущIэм триуфэрт. Кьуажэм щекIуэжI хьэгъуэлIыгъуэми и ныбжьэгъуэхэм кьыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэми - зыми дихьэжыфынутэкьым, командэр, тренеркэхэмрэ топджэгуеплъхэмрэ кьыIэрыщIыгъыр япэ иригъэщIрт.

Нурхьан кьыIэрыщIилмкIэ, Бейбарс футболым щIэ зэфIэкIыр япэ дыдэу къэзылъытар нэхьапэм топджэгу дзэгу Iэрыгъуэу щыта, иджы Мейкьуапэ и «Дружба» командэм и унафэщI Натхъуэ Iэдэмщ. 90 гъэхэм я пэщIэдзэхэм и гупыр щыгъуэу ар Кфар-Камэ зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну кIуауэ щытащ. Иужькъ, щыпIэм и командэм илъэскIэ дэлэжьащ. Бейбарс абы щыгъуэ иджыри щIалэ цIыкIут аУ э Iэдэм абы профессионал топджэгум хэлъыпхъэхэр дильэгъуати, хуейуэ щытмэ, мастер щIэрыIуэ кьыIэрыкэхIынур жиIащ. А лъэхъэнэм щыщIэдзауэ, Iэдэм Бейбарс и ехьулIэныгъэхэм кIэлъыплъащ, чэнджэщ иритащ, Къэзан зэрыкIуам абы и фIыщIэ хэльщ.

- Израилым и спорт комментаторхэм зэман кIыхькIэ Натхъуэ унэIэр гъэхуауэ жаIэфакьым, - ягу кьегъэкIыж Нурхьан. - Телевизор деплъмэ, зэм Начо, адрейм Натхъуэм и япэ пычыгъэм зэдаренэр техуэу кьапсэльырт. Зэгуэр «Хапоэль»-р Урысейм и командэхэм ящыщ зым дэдэкIэгуу Iэдэм телевизоркIэ еплъащ. Пщэдджыжьым кьопсалъэ: «Ди унэцIэр Начокьым, атIэ Натхъуэщ, иужьрей пычыгъэр кьыхэгъэщауэ, ар гулыгъэншэу къэбгъанэ хьунукъым! Футболистым и унэцIэр гъэхуауэ жамыIэмэ, ар тэмэмкъым, абы пщIэ хуащIыркъым, Бейбарс абы ирырегупсыс. Натхъуэ - футбол унэцIэщ, ар псоми ирыращI»? ИпэжьыпIэкIэ абы и ужькIэ псоми зихьхуэжащ. Ар Бейбарс кьыIэрехьуIар сщIэркъым, ауэ а гугъуехьыр зэфIэха хъуащ: Урысейми ди унэцIэр тэмэму щыжаIэ, ар израиль адыгэхэм зэращIыр ящIэ.

Нурхьанрэ и кьару илъыгъуэ, пасэу дунейм ехьыжа и щхьэгъуэз Акрамрэ сабиипл I эздапIащ. Бейбарс кьищынэмыщIауэ, абы иджыри хьыджэбзищ яIэщ. Нэхъыжь Натали унагъуэщ, Рихьэние щопсэу, Курытыр, Нивин, унагъуэщ. НэхъыщIэ Наташэ и анэм щыгъуэу мэпсэу. Ар Къэзан щыIащ, и дэлхъум и щыIэкIэ-псэукIэр зригъэщIащ.

- Къэзан кьалэ хьэлэмэтщ, - жеIэ Наташэ. - Ар инщ, пасэрей, тхыдэжь нэщэнэхэм дэнэ дежи ушрохьэлI. Псори дахащэщ, апхуэдэуи иджырей зэманым екIу хьэблэхэми удахьэх. Бейбарс командэр хьарзынэу кьыIущащ, абы стадионым пэгъунэгъуэ (дакьикьитхукIэ унэсынущ) фэтэр, автомашинэ кьраташ, кIэщIу жыпIэмэ, сыт и лъэныкъуэкIи кьыIэрагъэпэщащ. Нэхъыщхьэр, езым и дежкIэ псынщIагъэщ, тынщщ, и щхьэгъуэзэрп щыгъущ, дэри кIэщI-кIэщIурэ дыгъыIуэзэну Iэмал диIэщ. А псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ спортсменым дежкIэ.

- Дэ спортым быдезыгъэхьэхар ди адэрщ, - игу кьегъэкIыж Наталиэ. - Си щIалэгъуэм баскетболыр сфIэгъэщIэгъуэнт, ауэ си гъащIэр абы тезухуэну сыхуейтэкьым. Ауэ щыхьукIи, телевизоркIэ зы спорт нэтыни блэзгъэкIыркъым: футбол, хоккей, баскетбол, волейбол ирехъуи, псори сфIэхьэлэмэтщ. Бейбарс унагъуэм и псэщ. Ар школым кьыщикIыж кьэхьурт футбол топ закьуэр Iэщ Iэлъу, и порт фельыр класс гуэрым кьыщIинауэ, икIи ар кьыхуэгъэурт сыт щыгъуи. Псоми ящIэрт ар футболист зэрыхьунри, зэрыунагъуэ абы «тележьэрт».

- Зэгуэр Бейбарс Тель-Авив и «Хапоэль»-р кьыхихри, фIыуэ илъэгуэ команд эм хуэпэжу кьекIуэлIащ, - жеIэ Нурхьан. - А зэманым Акрам Израиль армэм и полковникти, илъэситхукIэ Иерусалим пэгъунэгъуэ дыIэпхъуэн хуей хьуауэ щытащ. Бейбарс а щыпIэм и «Бейтар» командэм ирадзат, арщхьэкIэ и клубыр ихьуэжакьым. Километрищ гъуэгуанэ махуэ кьэс зэпичырт, и унэм пэгъунэгъуэ джэгуну Iэмал иIэ пэтми. Мис апхуэдэ и хьэлым, пэжыныгъэм кьыхэмIыу «Хапоэль»-м и тренерхэм, футболистхэм пщIэ кьыхуащIырт. Клубым, топджэгуеплъхэм ноби фIыуэ яльагъу икIи ящыгъупщэркьым Бейбарс, ар Урысей Федерацэм зэрыкIуари кьэтехьэлъащ.

Иджы УФ-м пашэныгъэр кьыщыхьыным теухуа зэIущIэм щыкIэлъплъыр Натхъуэхэ я унэм и закьуэкъым. Кьэзан жьжькъм и «Рубин»-м Кфар-Камэрэ Рихьэние рэ щыпсэхуэр кьыдоиI жыпIэмэ, егъэлеякьым. Кавказ Ищхьэрэм щыIэ адыгэ республикIэхэми щых эхъуащ дуней пСом тIэунейрэ и чемпионым кьыдощIэхэм, апхуэдэуи тенджызэ ФIыцIэ Iуфэм Iус Шапсыгъым - Натхъуэ унэцIэм и тхыдэ лъьхэм. Телевизорыр щыпызгъанэкIэ, Бердыев Курбан и гупым занщIэу кьыщыщолъыхьуэ «66» си нэIуасэ номерыр, сыту жыпIэмэ, сощIэ абы Iэмал имыIэу екьулIэныгъэ кьахуихьынущ, «Бейбарс» жиIэмэ - «ТекIуэныгъэр зей» жыхуиIэщ.

Тхыгъэри сурэхэри
НЫБЭ Анзор ейщ,
Сочэ - Кфар-Камэ - Сочэ.

Бейбарс и анэ Нурхьан, и шыпхъуэху Наташэ, Натали.



Натхъуэ Бейбарсрэ ХьэщIэмыз Талиерэ я хьэгъуэлIыгъуэщ. ЗэщIэкъгъуэсхэр зэрынасыпыфIэр я нэгум кьощ.

● Футбол

Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и гъуащхьауэ Погребняк Павел бжыгъэр кьыIэIуех.

Загъасэ хуэдэурэ

Мэрем кIуам щIидзащ футболымкIэ Европэм и чемпионату 2012 гъэм екIуэкIынум хэтынуэхэр кьыщыхьах зэIущIэхэм. А махуэм УФ-м и командэ кьыхэжам и тренерыщIэ Адвокаат Дик я гъэсэнхэр яIущащ Андоррэм и футболистхэм.

ДИ щIалэхэм кьапэщIэта хэгъэрейхэм я командэм хэтым я нэхъыбэм футболыр я Iэщ Iагъэ нэхъыщхьэу щытыкьым. Псори зэгъуэзу кьапщтэмэ, абыхэм я Iэзагъыр УФ-м и япэ дивизионым щыджэгу футболистхэм хуэдэнщ. Мыр ди жьхэрэгъуэхэр хэутэн зэрытщIын Iэхъуэгъуэкъым, атIэ зэIущIэ зэрекIуэкIам дызыхуища гупсысэщ. Къэтщтэнщи, япэ Iыхьэм кьриубыдэу хэгъэрейхэр Акинфеевым и гъуэм тIэу кьудейрэщ кьыIэзреуэфар, абы щыгъуэми, Игорь топыр зыIэщIигъэкIын щхьэкIэ хуабжьу гугъу зригъэхьын хуейт.

Андоррэм я пэ ебгъэрыкIуэныгъэм и ужькIэщ зэIущIэм и бжыгъэр кьыщыщэIуахар. Ауэ, зэрыгурыIуэгъэщи, ар зыхуэзэфIэкIар Урысей Федерацэм и командэращ. Зыряновым кьригъэжьа контратакэ псынщIэр Аршавиным кьипхьэтащ икIи нуэкьрейм топыр Погребняк хунгъэжащ. Германием и «Штуттгарт»-м и гъащIэкьуэм ар гъуэм игъэкIуэным гугъущэ дехьакъым - 0:1.

Япэ Iыхьэм кьриубыдэу бжыгъэр ягъэбэгъуэну Iэмал хъарзынэхэр яIащ Зыряновым, Аршавиным, Погребняк сымэ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащIэхэтым топхэм кьригъэгъазэрт.

Загъэпсэхуу кьиихьэжа нэужь, щытыкIэм зихьэужакьым. Ди щIалэхэр зэребгъэрыкIуэ зэпыт. Быстровым и пIэкIэ джэгум кьыхьыха Дзагоевым и фIыгъэкIэ, ди командэм зэщхьэщыкIыныгъэр игъэбэгъуащ. Аршавиным кьрита топыр гъуащхьэхъумэхэм яблэзыха Алан гъуэм щыхуэкIуэм, ирадзащ - пенальти. Ар Iэзэу игъэзащIащ бжыгъэр кьыIэIузыха Погребняк.

Хэгъэрейхэм я лъэныкъуэмкIэ зыщщызыгъэбыда УФ-м и командэ кьыхэхам зигъакIэ хуэдэурэ и пIэм ингъэащ кьэнэжа зэманыр.

КьыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм нобэ ирагъэкIуэкIынущ. Абыхэм Мэзкуу кьыщрагъэблэгъэнущ Словакием и юнандэ кьыхэхар.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Аршавиныр, ираид пэтми, яфIокIуэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м

ЩIэпхъаджащIэр яIэщIокI

Налшык къалэ УВД-м и участковэ инспектор милицэм и лейтенант нэхъыжь Тхьэзэпльыж Артур зыхэт гупым фокIадэм и 4 жэщым къалэныр республикэм и щIыхьэрым и куейхэм ящIущ зым щрихьэкIыну. сыхьэт 24-м полиэтилен пакет зыIыгъ адыгэ щэч хуащIащ.

ИУЖЬЫМ, кьыззэрыщIэкIамкIэ, абы илъащ зи лъэщагъыр тротил килограммым хуэкIуэ къагъауэ Iэрыщ Iэмэпсымэ, ТТ кIэрахъуэм и щэу 32-рэ, ПМ кIэрахъуэм ейуэ 8-рэ, къагъауэ Iэрыщ Iэмэпсымэ.

Тхьэзэпльыж Артур ар къигъэувыIэри, и тхыльхэм щIэупщIащ. ЩIэпхъаджащIэр Iэщ кIэ къуэщ, иIыгъ пакетыр хьфIидзэри, щIэпхъуэжащ. Хабзэхъумэхэр абы кIэлыгъуэрэ, я щIэкIащ. Милицэм и лэжьакIуэхэм ар къаIэльхьуэ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий и унафэкIэ, «Вулкан-3»-м лэжьэн щIидзащ. ЩIэпхъаджащIэр хэтми яубзыхуащ.

Тхьэзэпльыж Артур кьытехуа уIэгъэм илыкIащ. ЦIыху мамырхэм лей зытехьа яхэткъым.

УФ-м и прокуратурэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэм уголовнэ Iуэху кьиIэтащ УФ-м и УК-м и статьэ зыбжанэм япкъ иткIэ.

Милицэм и лейтенант нэхъыжь Тхьэзэпльыж Артур зэрыхэкIуэдар республикэ милицэм и унафэщIхэм, зэрыщыту лэжьакIуэ гупым, гущIыхьэ ящIыхьуащ. Иужь гуэгуанэм щрагъажьэм ирихьэлIащ зыдэлэжьхьэр, УВД-МОВД-ОВД-хэм я унафэщIхэр. Милиционер хэкIуэдам и унагъуэм, Iыхьлыхэм яхуэгуэзващ къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий.

Милицэм и участковэ инспекторыр зыщIыхуу щыта дэтхэнэми ар игу кьынэжьынущ ныбжьэгъу пэжу, хахуагъэ зыхэлъ цIыхуу. Абы и ныбжьыр илъэс 30-м щхьэдэха кьудейт. И къару илъыгъуэу ар хэкIуэдащ и лъахэм, и цIыхухэм я мамырыгъэм папщIэ.

Тхьэзэпльыж Артур Руслан и кьуэр тхьэмахуэ махуэм пщIэ хуащIу Налшык щыщIалъхьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

ЗыкIэ нэхъ мащIэ мэхъу

Республикэм и цIыхухэм яхуэгъэза щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зылэжьа, ахэр кьызэрыгъэпэща бзаджащIэхэр убыдыным теухуа IуэхугъэкIуэкIэ ирагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм.

ФОКIАДЭМ и 4-м и пщэдджыжьым сыхьэти 4-м Зеикъуэ кьуажэ гъунэм деж мэзым кьыщIэкIа цIыхум гу щылъатащ. И дэфтэрхэр кьариГъэлъагъуну щыхуагъэувым, Iэщ Iэкъ кьаэуэу щIидзащ. Хабзэхъумэхэр абы пэджэжри, а зэпэщIэувэныгъэм щIапхъаджащIэр щаукIащ, Ар хэтми яубзыхуащ, ауэ Iуэхур зэхагъэкIыху хэIущIыну ящIынукъым. Абы къытрахащ Iэщэрэ абы и Iэмэпсымэхэмрэ, радиостанц. Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм лей зытехьа яхэткъым.

ЩIапIэр щIалщIыпкIэ, Хабзэхъумэхэр агъэгъкI.

КъБР-м щыIэ МВД-м щыхуэзэм захуегъаза сакъыну, набдзэгубдзапльэу щытыну. Ягъэхьэзыр щIэпхъаджагъэхэм, апхуэдэу ялэжьа-хэм я теухуа хьыбар зыщIэ щыIэмэ, икIэщIыпIэкIэ мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ:

48-16-37 - Оперативнэ штаб;

40-49-10 - КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр часть;

47-15-16 - УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущ Iапи Iэу КъБР-м щыIэм и плъыр часть.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм Iыуэ щыт я хьыбарегъащIэ центр.

«Нарт-ТВ»-р пыфщIэну фыхуей? ●Гу зылъытапхъэ

«Юг-Сайт» ООО-м ещэ, егъэув спутник антеннэхэр. Апхуэдэу мыбы пхупащIэнущ «Нарт-ТВ» адыгэ каналыр - жэщми махуэми сыхьэт 24-кIэ лажьэр.

Ди хэщIапIэр: Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 18, «Эльдорадо» тыкуэн, 2-нэ къат. **Телефоныр:** 40-22-95.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэщо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэ Iапи Iэхэм ядолажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмоэхмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхуэгъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм юсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тельдпаэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм щыщызагъэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцим и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIыныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, ГъучIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №2496